ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№6 (23.976) ● 2020 гъэм щIышылэм (январым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЗэгурыIуэныгъэ иращIылIэ

● Дыгъуасэ

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм щаIущIащ «ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зегъэужьыным зыщIэзыгъакъуэ фонд» къэрал корпорацэм и лIыкIуэхэм. Абы лъэныкъуитIым Iэ щыщIадзащ щIыналъэм жьы хъуа и унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным ехьэлIауэ IуэхущIапIэм ахъшэ зэрыхухихыну зэгурыIуэныгъэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Фондым и генеральнэ унафэщI **Цицин Константин**, IуэхущIапIэм и КIэлъыплъакIуэ советым и тхьэмадэ **Степашин Сергей**, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, республикэм и къалэ округхэмрэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ жьы хъуа унэхэм цIыхухэр къызэрыщIагъэIэпхъукI Iэмалхэм, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрызрагъэпэщыжымрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм зэрызрагъэужьынумрэ.

- ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм пыщIа гугъуехьхэр нобэ ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэрал псоми иIэщ икIи зэрытхузэфIэкIкIэ дэтхэнэми гулъытэ хуэтщIыну дыхущIокъу. Абы и лъэныкъуэкIэ тфIэкъабылщ фондым и зэфIэкIхэр къэдгъэсэбэпыну, дыдэлэжьэну, - жиIащ **КIуэкIуэ Казбек**.

Степашин Сергей къыхигъэщащ жьы хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэм къыщыгъэлъэгъуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ныкъусаныгъэншэу зэригъэзэщIар, абы къыхэкIыу адэкIэ зэрыдэлэжьэнум зэрыхуэхьэзырыр.

- Мы зэманым цIыхухэр къызыщIэдгъэIэпхъукIыр 2017 гъэм щIышылэм и 1-м и пэкIэ кхъахэу къалъытэ унэхэрщ. Ауэ, дызэрыщыгъуазэмкIэ, 2017 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIи къызыщIэгъэIэпхъукIын хуей зы унэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщахутащ, цIыхуи 140-рэ щыпсэууэ. Абы къыхэкIыу адэкIи муниципальнэ щIыналъэхэм апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр щегъэкIуэкIын хуейуэ къыщIэкIынщ, - жиIащ къэпсэлъам.

Цицин Константин тепсэлъыхьащ коммунальнэ IэнатIэхэм зрагъэужьын папщIэ щыIэ дэIэпыкъуныгъэхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зы проектым фондым хухихыну Iэмал иIэщ сом мелуан 300. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ энергоресурсхэр нэхъ мащIэу зытекIуадэ унэхэр яухуэн зэрыщIадзам. Абы и фIагъращи, цIыхухэм ят коммунальнэ ахъшэр нэхъ мащIэ мэхъу. Фондым и унафэщIым дыщIигъуащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрагъэпэщыжын щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхах ахъшэр процент 55-рэ фIэкIа зэрымыхъур икIи абы и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм ядэлэжьэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэ нэужьым журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, Степашин Сергей къыхигъэщащ унэхэр зэгъэпэщыжынымрэ жьы хъуахэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ гугъуехь нэхъыбэхэр здэщыIэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэр зэрыарар, ауэ щытыкIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщынэхъыфIыр.

- 2026 гъэ пщIондэ тещIыхьа, жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным техуа программэм къыщыгъэлъэгъуахэр 2022 гъэм и кIэм нэсыху зэфIагъэкIыну къыхэзылъхьа щIыналъищым Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ (Белгород, Астрахань щIыналъэхэм ядэщIыгъуу). ЩIыналъэм и Iэтащхьэр апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрытегушхуам папщIэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт, - жиIащ Степашиным. - Къэбгъэлъагъуэмэ, бюджет ахъшэ зыхухэтх мы программэмкIэ къэрал псом жьы хъуа унэхэм къыщIэдгъэIэпхъукIын хуейуэ чэзум щытыр псори зэхэту цIыху мин 520-рэ (ар 2026 гъэ пщIондэ) мэхъу. Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным и лъэныкъуэкIэ зэхуахьэс ахъшэр ауэ сытми къызэрыхамыхыр дыхуейт цIыхухэм къагурыIуэну, езыхэм я псэукIэр нэхъыфI хъуным ар зэрытеухуар.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм тепсэлъыхьыну къазэрыхуеблэгъам папщIэ.

- Фондым етщIылIа зэгурыIуэныгъэр сэбэп хуэхъунущ программэр зытещIыхьа лэжьыгъэхэр зэман нэхъ кIэщIым зэфIэдгъэкIынымкIэ. Абы ипкъ иткIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 17-м щIигъу духуэну ди мурадщ, жьы хъуа унэхэм къыщIэдгъэIэпхъукIынур цIыху миным щIегъу, - пищащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм. - Илъэсищым тещIыхьауэ абы делэжьыну къыщыхэтлъхьэм, Фондым ар къыддиIыгъащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ ахъшэкIэ зыкъытщIигъэкъуэнущ. Пэжыр жыпIэмэ, республикэм хуабэр, псыр къэзыт и коммунальнэ IэнатIэхэми я щытыкIэм арэзы утехъуэркъым, абыхэми я хэкIыпIэм нобэ дытепсэлъыхьащ ди хьэщIэхэм я гъусэу. Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрызрагъэпэщыжым и гугъу щытщIым къыхэдгъэщащ цIыхухэм я фIэщ дыхъун папщIэ дадэлэжьэн зэрыхуейр. ЗэIущIэм къызэрыщыхэдгъэщащи, унэхэр зэрызрагъэпэщыжынум щIатын хуей ахъшэр республикэм къызэрыщыхэкIым мы зэманым гугъуехьхэр пылъщ.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ республикэм жьы хъуа и унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным фондым сом мелуан 500-м щIигъу къызэрыхуиутIыпщынур, щIыналъэм а Iуэхум хилъхьэнур сом мелуани 5-м зэрынэблагъэр.

Степашиным къыхигъэщащ нэхъ и пэкIэ программэм нэгъуэщI ухуэкIэ зэриIар, лэжьыгъэхэр лъэныкъуитIми я ныкъуэ-ныкъуэу ягъэзащIэу зэрыщытар. Иджы Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ Фондымрэ федеральнэ бюджетымрэ я ахъшэкIэ лэжьыгъэхэр процент 98-кIэ ягъэзащIэну я пщэ далъхьэ.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ Налшык къалэм Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №58-м щыIащ. 1991 гъэм яухуа унэр зэрызэрахьэм арэзы укъызэрищIым и щыхьэту, Фондым ар щапхъэ зытрахыу къызэрилъытам и щыхьэт пхъэбгъур абы фIадзащ, щIыхь тхылъыр щIэсхэм иратыжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Мишустин Михаил и кандидатурэр «Урысей зэкъуэтым» деIыгъ

«Урысей зэкъуэт» партым диIыгъащ Мишустин Михаил Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу гъэувыным теухуауэ Урысейм и Президент Путин Владимир къыхилъхьар», - жиIащ партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь, ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Турчак Андрей.

АБЫ къыхигъэщхьэхукIащ Мишустин Михаил щIэныгъэ куу зиIэ унафэщI IэкIуэлъакIуэу зэрыщытыр икIи «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм хэтхэм абы папщIэ зэакъылэгъуу Iэ зэраIэтар.

Турчак Андрей жиIащ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къэралым адэкIэ щегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм я купщIэр тэмэму къызэрыщыгъэлъэгъуар. «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэм ар Урысейм и дэтхэнэ зы цIыхуми хуэгъэза псалъэу къелъытэ. Абы къыхэкIыу Президентым къигъэува Iуэхухэр икIэщIыпIэкIэ гъэзэщIэн хуейщ. Къэралым и Iэтащхьэм зэрыжиIащи, «Урысей зэкъуэт» партым увыпIэ нэхъыщхьэ щеубыд властым и IэнатIэхэм. Абы и лIыкIуэхэр иджыпсту хущIокъу Президентым къиIэта Iуэхухэр къэралым и дэтхэнэ щIыналъэми щыпсэухэм къазэрыщыхъуар нэрылъагъу къащIыну.

ЦIыхухэм я гупсысэхэр Iэмал имыIэу къэлъытапхъэщ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэувахэр гъэзэщIэным хуэунэтIа закон лъабжьэхэр щызэтрагъэувэкIэ. Абы къыхэкIыу «Урысей зэкъуэт» партыр егугъуу ядэлэжьэнущ УФ-м и Президентым, абы и Администрацэм, къэралым и Правительствэм и унафэщIу щIэуэ ягъэувам, Министрхэм я кабинетыщIэм хэтхэм.

Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм и фIагъым куэдкIэ елъытащ Президентым къигъэува къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъунур. «Урысей зэкъуэтым» и лIыкIуэхэрщ Къэрал Думэм и депутатхэм я нэхъыбапIэр, апхуэдэу властым и лIыкIуэ органхэм я лэжьакIуэхэм я нэхъыбэр. Абы къыхэкIыу ди къэралым зегъэужьыным хуэгъэза унафэ нэхъыщхьэхэр къыщащтэкIэ партым и лIыкIуэхэм куэд елъытауэ зэрыщытынур жиIащ Турчак Андрей.

● Къэрал Думэм и депутатхэм жаIэ

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий: Къалэнхэр IупщIу еубзыху

Гъэзэщ1акIуэ властыр гъэувынымкIэ Къэрал Думэм и полномочиехэм зегъэубгъуным теухуауэ Президентым къыхилъхьар щыхьэт тохъуэ Парламентым мыхьэнэшхуэ зиIэ политикэ гъуэгуанэ кIыхь къызэрикIуам, абы жэуаплыныгъэ нэс зэрыбгъэдэлъым.

ПРЕЗИДЕНТЫМ гъэ къэс къыхегъэщхьэхукI ди къэралым социальнэ унэтIыныгъэ зэриIэр. Иджы аргуэру абы къигъэуващ социальнэ политикэр нэхъри гъэбыдэным хуэгъэза къалэнхэр. Абыхэм ящыщщ анэм хухах ахъшэм, сабий цIыкIухэм зэрадэIэпыкъу ахъшэм хэгъэхъуэныр, бюджетым и хьэкъкIэ вузхэм щрагъаджэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIыныр, нэгъуэщI куэди. Мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхухэм ящыщщ унагъуэр гъэбыдэным, къалъхухэр нэхъыбэ щIыным теухуауэ Путин Владимир жиIахэри.

А Iуэхухэр нэхъыбэу зыхуэгъэзахэм ящыщу къэплъытэ хъунущ зи демографие щытыкIэм псынщIэу зихъуэж Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округыр. Кавказым ис лъэпкъхэм я хабзэ нэхъыщхьэхэм хыхьэ унагъуэм, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщIыныр, сабийхэм яхуэсакъыныр.

Iуэху щхьэхуэхэр нэрылъагъуу яхъуэжынущ.

Президентым и псалъэр социальнэ мурад инхэмкIэ гъэнщIащ. Ар яхуэунэтIащ унагъуэм, сабийхэм, зэрыщыту цIыхубэм, дэтхэнэ зы цIыхури хъумэным. Абы къиIэтащ цIыхухэм къаIэрыхьэ хэхъуэр нэхъыбэ щIыным, къуажэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, технологие зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным хуэунэтIа къалэнхэр.

Къэралым и Iэтащхьэм Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэва къалэнхэм яхуэфащэ увыпIэ щагъуэтынущ къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм.

МАРЬЯШ Иринэ: Президентыр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ

ПУТИН Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр, абы къыщиIэта Iуэхухэмрэ жэрдэмхэмрэ, уеблэмэ, аналитикэ гупсысэхэр къанэ щымыIэу хуэунэтIащ къэкIуэну зэманым, ди къэралым илъэсипщI зыбжанэкIэ зегъэужьыным. Къэралым и УнафэщIым къыхилъхьа проектхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ зэман кIыхькIэ лэжьэнущ икIи политикэ зыужьыныгъэм и

ГЕККИЕВ Заур: Къэралым и унафэщIым къигъэува Iуэхухэр гъэзэщIэным «Урысей зэкъуэт» партыр жыджэру хэтынущ

ПРЕЗИДЕНТЫМ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам и купщIэр къэралым и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, лъэпкъыр гъэбыдэнырщ, гъэбэгъуэнырщ. Путин Владимир къыхилъхьахэр зэрагъэзэщIэнум и фIыгъэкIэ Урысейм и демографием зиужьынущ, сабий зиIэ унагъуэхэм я Iуэхур ефIэкIуэнущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, демографиер зыужьыныгъэм и лъабжьэщ. Путин Владимир къигъэуващ бын зыгъуэта анэхэм ахъшэ яхухэхынымкIэ программэр гъэзэщIэным 2026 гъэм нэсыху пащэну. Гу лъытапхъэщ етIуанэ сабийм и мызакъуэу, апхуэдэ ахъшэр япэ сабийми, ещанэ, абы къыкIэлъыкIуэ сабийхэми папщIэ 2020 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ зэрыратынур. Апхуэдэу щыщыткIэ, япэ сабийр зыгъуэт унагъащIэхэми дэIэпыкъуэгъу хъарзынэ иратынущ.

Путин Владимир къытеувыIащ законхэр къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ властхэм яхуэгъэзауэ Конституцэм хэлъхьэн хуейуэ къилъытэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Абы къыхилъхьащ Правительствэм и УнафэщIымрэ абы хэтхэмрэ я кандидатурэхэр къэщтэнымкIэ хуитыныгъэр Къэрал Думэм бгъэдалъхьэну. Апхуэдэ Iуэхум нэрылъагъуу къиIэтынущ Парламентым и мыхьэнэмрэ абы иIэ пщIэмрэ.

Налшык и псэупIэ унэхэр фIыуэ зэрызэрахьэр къэралым къыщалъытэ

Лэжьыгъэ IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIахэу ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэхэр щегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым и кIэлъыплъакIуэ советым и тхьэмадэ Степашин Сергей, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ фондым и генеральнэ директор Цицин Констатин, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек сымэ «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм фIагъымкIэ и дамыгъэмрэ» блыным кIэралъхьэ «Зыдэплъеипхъэ унэ» пхъэбгъумрэ иратащ Налшык къалэм Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым фэтэр куэд хъууэ тет псэупIэ унэ №58-м хэт фэтэрхэр зи мылъкухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Гъуэгунокъуэ Iэсият. Унэм щIэсхэм тыгъэ хуащIащ щIэх-щIэхыурэ къагъэщIэрэщIэж фондым халъхьэну тхылъхэр.

«ПСЭУПIЭХЭР зи мылъкухэм я зэгухьэныгъэм и щапхъэм наIуэ къещI унэхэр тэмэму икIи тыншу ущыпсэун папщIэ зэрызепхьэн хуейр. Мы зэгухьэныгъэм и унафэщIым фIыщIэ хузощI граждан жэрдэм хэлъу зэрылажьэм папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэхуэсым хэтахэм захуигъазэри.

Степашин Сергей гуфIэгъуэ Iуэхумкiэ мы унэм щIэсхэм ехъуэхъуащ икIи адэкIи къабзэлъабзагъэмрэ зэIузэпэщыныгъэмрэ яхъумэну къыхуриджащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу мыпхуэдэ цIэ лъапIэр япэу зыфIащар фи унэрщ. Си гуапэу фIыщIэ фхузощI тыншыпIэ фызэриIэнум хуэгъэзауэ псори зэрывлэжьым папщIэ. «Щапхъэ зытрах унэ» цIэр фи егугъуныгъэм хуэфащэщ»,- жиIащ абы.

Тэрчокъуэм и уэрамым къатипщIу зэтету 1991 гъэм тращIыхьауэ щыта унэ №58-м иджыпсту цIыху 840-рэ щIэсщ. Абы щыпсэухэр псоми я зэхуэдэ мылъкур, пщIантIэр зэIузэпэщ щIыныр, зехьэным жыджэру хэтщ, инженер коммуникацэхэр, щIыхьэпIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр зыхуей хуагъазэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр и зэманым ят.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм щекIуэкI реформэхэр дэIыгъынымкIэ фондым и дэIэпыкъуныгъэкIэ 2009 гъэм унащхьэр, унэ щIыбыр, псы хуабэр зрикIуэ бжьамийхэр капитальнэу зэрагъэпэщыжащ, унэм къекIуалIэ энергиер къызэрапщ Iэмэпсымэхэр ягъэуващ.

А махуэ дыдэм Степашин Сергейрэ Цицин Констатинрэ «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм фIагъымкIэ и дамыгъэр», «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щапхъэ зытрах и предприятэ» дамыгъэмрэ иратащ «Прохладнэ хуабээнерго» предприятэм и унафэщI Атаманенкэ Андрей.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и фондым и кIэлъыплъакIуэ советым и тхьэмадэ Степашин Сергей къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ апхуэдэ цIэ лъапIэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэр зехьэнымкIэ, къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ, коммунальнэ инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым я лъэныкъуэкIэ яIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ зэрыфIащыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек предприятэм и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ жиIащ: «Фи гупыр IэнатIэ мытыншым тэмэму щылэжьэнымкIэ икIи ехъулIэныгъэхэр къэхьынымкIэ щапхъэщ».

«Прохладнэ хуабээнерго» акционер зэгухьэныгъэр 2003 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къадэкIуэу абы фэтэр куэд хъу унэу 225-рэ егъэплъ. Компанием и унафэщIхэр зэпымыууэ йогугъу хуабэр къэлэжьынымрэ ар къэзыгъэсэбэпхэм я деж нэгъэсынымрэ текIуадэр гъэмэщIэным, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыным. КъапщтэмэЮ 2017 гъэ лъандэрэ мыбы электрокъарур къэзыпщ автоматикэ системэ къыщагъэсэбэп, псыр зэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэрахъуэкIащ. Хуабэр зрикIуэ сетхэр зэрылажьэ зэманыр нэхъ кIыхь зыщI иджырей технологиехэр къагъэсэбэп.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЛэжьакIуэ гупым хагъэхьэ

УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр зыгъэхьэзырыну лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщащ икIи абы хэтынухэр яубзыхуащ.

КЪЭРАЛЫМ и Тхылъ нэхъыщхьэм елэжьыну гупым хагъэхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Сэхъурокъуэ Хьэутий. Фигу къэдгъэкIыжынщ УФ-м и Президентым деж щыIэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым 2019 гъэ лъандэрэ ар зэрыхэтыр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр зыгъэхьэзырыну лэжьакIуэ гупыр зыхэплъэнур Конституцэм и ещанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ еянэм нэсщ. Япэ, етIуанэ, ебгъуанэ Iыхьэхэр зэрыщытауэ къэнэжынущ. Конституцэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр зэхьэлIар УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазам къыщигъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэращ. НэгъуэщIхэм еIусэну хуиткъым. Абы халъхьэжахэм елъытауэ федеральнэ унафэ зыкъоми къащтэнущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ИлъэситIым хъунущ хьэзыр

«Демография» лъэпкъ проектыр Шэджэм щIыналъэм щыIэужьыфIэщ.

ШЭДЖЭМ къалэм, Щхьэлыкъуэ, Звезднэ жылагъуэхэм щаухуэ зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэмыса сабийуэ 180-м ятещIыхьа IуэхущIапIэхэр. Шэджэмымрэ Щхьэлыкъуэмрэ дащIыхь унэхэм хэтщ жеипIэ пэшышхуэ, шхапIэ, джэгупIэ утхэр, дохутыр пэш, спортзал. Звезднэм дэт сабий садым гуащIыхь илъэси 3 иримыкъуа цIыкIухэм папщIэ яслъэ: мазитI ныбжьым къыщыщIэдзауэ абы щаIыгъынущ сабий 40. Объектыр 2021 гъэм къызэIуахынущ. Шэджэм къалэмрэ Щхьэлыкъуэ къуажэмрэ щIэуэ щаухуэ сабий садхэм цIыхуи 140-рэ къиштэнущ.

Ухуэныгъэхэр дызытехьа илъэсым и кIэм нагъэсынущ.УхуакIуэхэр зыхуеину техникэхэмкIи, пкъыгъуэхэмкIи къызэгъэпэщащ. Дунейр зэрыхуабэм и фIыгъэкIэ, лэжьакIуэхэм я къалэныр зэпымыууэ ягъэзащIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъатхэ сессием щIедзэж

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым гъатхэ сессием хиубыдэ и япэ зэIущIэр зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ республикэм и закон щхьэхуэхэм я Iуэхугъуэ пыухыкIахэр ирагъэфIэкIуэн икIи ахэр федеральнэ законхэм ирагъэзэгъэзыжын папщIэ.

Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ «IэнатIэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кIэрыхубжьэрыхухэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым. Парламентым Аграрнэ IуэхухэмкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур зэрыжиIамкIэ, Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ унагъуэхэм я кIэрыхубжьэрыхухэр зэрызэхуахьэс икIи абыхэм зэрелэжь щIыналъэ схемэхэр зэхэлъхьэнымрэ къэщтэнымкIэ полномочиехэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм зэблагъэкIхэм зэрыхагъэкIар. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 7-м а полномочиехэр хагъэкIыжащ.

«КъБР-м щыIэ рынокхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» республикэ законыр федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъыж икIи абы зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтIа законопроектым елэжьын щIадзащ.

- Зи гугъу тщIы республикэ законыр зэхалъхьауэ щытащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэн, законыр, хабзэр, жылагъуэ шынагъуэншагъэр гъэбыдэн, хьэпшыпхэмрэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ цIыхухэр тэмэму къызэгъэпэщын мурадкIэ. Сату Iуэхур зэблагъэкIыныр зыбгъэдэхуэр рынокхэр зезыхьэ компаниехэмрэ сатуущIхэмрэщ, - щыжиIащ зэIущIэм КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**.

Депутатхэр апхуэдэу хэплъащ «Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр, апхуэдэу «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хъумэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Зыхуэфащэ псоми нэгъэсауэ елэжьыжа нэужь а законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм къыщыхалъхьэнущ.

Унафэ къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи чэзу зэIущIэр 2020 гъэм щIышылэм и 30-м егъэкIуэкIыным теухуауэ. КъБР-м и Парламентым и Регламентым и 40-2-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету, КъБР-м и Парламентым зи чэзу зэIущIэм хэтын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и демографие зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм теухуауэ къэпсэлъэн папщIэ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм кърагъэблэгъэнущ зи лIыкIуэхэр Парламентым хэмыт политикэ партхэр.

Адрей Iуэхухэм къадэкIуэу депутатхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэм, УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкIыным, УФ-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ къащтащ республикэм и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ я лэжьакIуэ щхьэхуэхэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуа унафэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 580-рэ кIэпIейкIэ 25-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Назир и къуэ Мухьэмэд

И щIалэгъуэр зауэм ирихьэлIэу нэщIэбжьэ куэд илъэгъуами, гъащIэ хьэлэмэт къигъэщIащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Ленинград артиллерие академием и кафедрэм и унафэщI, генерал-майор Къатхъэн Мухьэмэд.

УИ БЛЭКIАР умыщIэу пщэдей блэжьынур пхуэубзыхунукъым, сыту жыпIэмэ узыдэплъеин, щапхъэрэ бзыпхъэрэ пхуэхъун ухуейщ. Езыр зыдэплъеин, «абы хуэфащэу сыщытащэрэт» жыхуиIэн Мухьэмэд иIэт. Ар и адэ Назирт. Революцэм и зэманым адыгэ цIыхубэр бэнэныгъэ гуащIэм къыхуэзыIэтахэм ящыщт Назир. Граждан зауэр къэхъейуэ совет властыр гузэвэгъуэ щыхэхуэми, къэрэхьэлъкъыр аргуэру къызэщIиIэтэри, революцэр яхъумэжыныр къызэригъэпэщащ. Къэбэрдей шуудзэм и дзэзешэу щыта лIы хахуэм и бынхэм я насып имылъэгъуами, абыхэм езыр зыщагъэгъупщакъым. Ар я псэм хэлъу, ягу щагъафIэу лIыпIэ иувахэщ.

ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэр «тыншу псэуащ» жыпIэныр къезэгъыркъым. И анэм и щIэгъэкъуэну Мухьэмэд къэхъуащ. Ар гурыхуэт, техникэм дихьэхырт. А зэманым хэт и ныбжьыщIэт лъакъуэрыгъажэм сышэсащэрэт жызымыIэр? Мухьэмэд махуэ псом щысыфынут пэщащэу, приёмник, патефон хуэдэхэр зэпкърилъхьэу, зэпкърихыжу.

Ауэ фIыуэ илъагъу Iуэхум хуеджэну къехъулIакъым. 1940 гъэм Къатхъэн Мухьэмэд дзэм ираджэ, Брест ипщэIуэкIэ щыIэ топгъауэ полкым къыхохутэ. ЕсэпымкIэ Iэзэ щIалэр есэп ищIынуи ягъэув: батареем и топхэр щыуэкIэ тэмэму триухуэну и къалэнт. А Iуэхум ар зэрыхуэгурыхуэр нэрылъагъу хъуащ топгъауэхэм я еджэныгъэ зыщIидзам. Зыщагъасэ щIыпIэр Брест пэгъунэгъуу щыIэт. Махуэ псом лъэуджыджахэр емызэшахэу, уэрэдхэр жаIэу я хэщIапIэхэм къекIуэлIэжхэрт. Сэлэт куэдым я лъакъуэхэр зэрызэдадзым щIэдэIуурэ лъэ макъхэмкIэ Мухьэмэд ибжыну хуежьэрт дзэ пакIэ къэс сэлэт дапщэ хъуми...

ПщыхьэщхьэкIэ хэт шахмат джэгурт, хэт газет еджэрт, нэхъыбэм хъыбар жаIэу зэхэст. Апхуэдэу кIуэрт зэманыр, къэралым и щIыпIэ Iэджэм къикIахэр ныбжьэгъу зэхуэхъуахэу, армэ нэужьым зэкIэлъыкIуэнхэу къызэрыгъэгугъэу. Абыхэм я нэхъыбэм къахуиухатэкъым я жьэгу пащхьэ ягъэзэжыну, я адэ-анэхэр, я къэшэнхэр ялъагъужыну.

Мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджыжьым кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэ-хъу зэщIэвууэ макъ пхъашэхэр къызэхахащ. Брест адрыщIкIэ нур дыхьэрэнхэр къыщызэщIэнэрт, мафIэ лыгъейуэ уафэ джабэм кIэридзэу. Казармэхэм къыщIэжауэ псори ипщэкIэ плъэрт, Iэдакъэжьауэ ящIурэ...

А псор зищIысыр сэлэтхэм къащыгурыIуар кхъухьлъатэ ву макъхэр гъунэгъу дыдэ къэхъуу бийм и «Юнкерсхэр» къалъэгъуа нэужьщ. Ахэр куэд хъурт. Къуаргъ фIыцIэжьхэм хуэдэу къызэрыхьхэрт, гуп-гупурэ ипщэкIэ къызэрыкъуэххэурэ.

Я щхьэфэцхэм зыкъиIэтауэ, сэлэтхэри офицерхэри умэзэхауэ зэхэтхэт къэхъуар я фIэщ ямыщIмэ нэхъ къащтэу, ар зыгурагъэIуэну хуэмейуэ. Абы щыгъуэ дэтхэнэми «игъэжеижырт» дяпэкIэ зыхунэмысыжыну хъуэпсапIэхэр, мурадхэр.

Къатхъэныр зыхэт дивизионыр къэрал гъунапкъэхэмкIэ кIуатэри, Семятиче къалэм деж бийм щыпэщIэуващ. ГъущI гъуэгур гъунэгъут. Ари хъумэжын хуейт. Ди зауэлIхэм къафIэIуэхуакъым Бэракъ плъыжьыр и щыгум щыхуарзэу Буг телъ гъущI лъэмыжым къызэпрыкI мафIэгур. Ауэ къэса нэужь, къалъэгъуащ ар жыркIэ зэщIэIулIауэ, IэщэкIи зэщIэузэдэжауэ бийм къызэриутIыпщар.

Ди топ псори иджыри ягъэувакIэтэкъым. Хьэзыр хъуахэмкIэ уэн зэхаублащ.

Нэмыцэ бронепоездыр, ныкъуэкъутэ щыхъум, икIуэтыжащ. Япэ текIуэныгъэм совет зауэлIхэр къызэщIиIэтат. Нэхъ къызэрамылъагъунум хуэдэу я топхэр ягъэуващ, шэхэр къагъэхьэзыращ.

Дивизионым хэщIапIэ ищIа Заболотнэ къуажэм куэд мыщIэу фашист танкхэр къыдыхьэу къалъэгъуащ. Гъэпсауэ щыт топхэм уэуэ щIадзэри, танк зыбжанэ якъутащ, адрейхэр икIуэтыжащ, зауэ-банэ хэмыту.

Дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу бийм и кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьащ, уахъуэщIыхьуэр зэрахьэрт абыхэм, зыкъагъэлъахъшэрти, я бомбэхэр къраутIыпщхьэхырт. Абдежым щыхэкIуэдащ офицер, зауэлI зыбжанэ, уIэгъэ хъуари куэдт.

Нэмыцэхэр хущIэкъурт, я гъуэгум жырым хуэдэу къыщыпэувахэм кIэ иратыну. Арат щIэмыувыIэжыххэр. Ахэр кхъухьлъатэхэмкIэ щэнейрэ къащхьэщыхьащ, тхуэ танкхэмкIэ къебгъэрыкIуащ, ауэ Къатхъэным и гу- пыр хуэгъэгулэзакъым, и пIэм хуигъэкIакъым.

Махуэ псом къэныкъуэкъуа нэужь, жэщ зэрыхъуу фашистхэм совет топгъауэхэм къыпакIухьу щIадзащ. Дыдейхэри, утыкум зыкърамынэн папщIэ, икIуэтащ.

Къатхъэн Мухьэмэд и псэм емыблэжу щызэуащ Ипщэ, Брянск, Воронеж фронтхэм. Къулыкъу зыдищIа, япэу зауэм къыдыIухьа и ныбжьэгъу куэд хамэ щIыпIэхэм щыфIэкIуэдащ.

КIуэ пэтми ар нэхъ Iэзэ хъурт. Абы лейтенант дамэтелъхэр кърататт, топгъауэ гупми и унафэщI ящIат. Иджы советыдзэр егъэрыкIуэ зэпытт, зауэр къыздикIамкIэ кIуэжырт.

1943 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Къатхъэныр полкым и штабым ираджэ. «Дынохъуэхъу, лейтенант, пщIэ къыпхуащIащ. Дзержинскэм и цIэр зезыхьэ артиллерие академием уагъакIуэ...»

Самарканд щыIэ академиер 1944 гъэм Москва къагъэIэпхъуэж. ЕджапIэ нэхъыщхьэр Къатхъэным фIы дыдэу къеухри, щIэныгъэ лэжьакIуэ мэхъу. Зы илъэс докIри, Ут Плъыжьым щекIуэкIыну ТекIуэныгъэм и Парадым хэтыну дзыхь кърагъэз.

1959 - 1979 гъэхэм Мухьэмэд Ленинград дэт артиллерие академием щолажьэ. ТехникэщIэм, кибернетикэм дехьэх, тхылъ зыбжани къыдегъэкI. 1962 гъэм ар щIэныгъэхэм я доктор мэхъу, илъэсипщI докIри, генерал-майор ящI. ИужькIэ Къатхъэным къыфIащ «Урысей Федерацэм -щIэныгъэмрэ техникэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр (1975), Адыгэ Академием хагъэхьэ (1992).

Къатхъэн Мухьэмэд Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ (нагъыщитI), Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр, медаль куэд кърататщ.

И ныбжьыр илъэс 75-м иту адыгэлI хъыжьэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэр 1997 гъэм дунейм ехыжащ.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

75

Мэзым къыщагъуэтыжащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымрэ къегъэлынымкIэ и IуэхущIапIэм и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым щIышылэм и 16-м хъыбар къыIэрыхьащ Шэджэм районым и Звёзднэ посёлкэм и гъунэгъу мэзылъэм Май къалэм щыпсэу, 1957 гъэм къалъхуа цIыхубзыр къуакIэм зэрыщехуэхам икIи и лъакъуэм сэкъат зэригъуэтам теухуауэ. Ар езыр-езыру зекIуэфыртэкъыми дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэт.

ДАКЪИКЪИТI нэхъ дэмыкIыу, щIыпIэм кIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымрэ къегъэлынымкIэ и IуэхущIапIэм и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым къалэныр щезыхьэкI, Ремизов Андрей зи пашэ плъырхэр. ПсынщIэу иужь ихьащ лей зытехьар къагъуэту «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» дохутыр бригадэм Iэрагъэхьэным.

Дунейм и щытыкIэр гугъуми, къегъэлакIуэхэм цIыхубзыр псынщIэу къагъуэтри, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» мыгувэу нахьэсащ.

Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 20-м ирихьэлIэу зэфIэкIа къэлъыхъуэныгъэ-къегъэлакIуэ Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымрэ къегъэлынымкIэ и IуэхущIапIэм и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым и лэжьакIуэхэу 7-рэ Звёзднэм щыIэ «Налшык-20» дзэ частым къулыкъу щезыхьэкIыу 2-рэ.

ЩытыкIэ гугъум фыкъихутауэ мафIэсгъэункIыфIхэм е къегъэлакIуэхэм я дэIэпыкъуэгъу фыхуей хъумэ, фыкъэпсалъэ: «01» (стационар телефонхэмкIэ), «101» е «112» (мобильнэ телефонхэмкIэ).

СЭБАН Арсен,
Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымрэ къегъэлынымкIэ IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэ.

Еханэ къыдэкIыгъуэр

Мы махуэхэм дунейм къытехьащ куэд зыпэплъэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2019 гъэм и еханэ номерыр.



ЖУРНАЛЫР къызэIуах «ЖьантIэ» рубрикэм щIэт тхыгъэхэм. УсакIуэ ЩоджэнцIыкIу Нурий къызэралъхурэ илъэс 95-рэ, литературэдж, критик, егъэджакIуэ ХьэкIуащэ Андрей и ныбжьыр илъэс 90, литературэдж, критик, усакIуэ Сокъур Мусэрбий къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу. Япэ напэкIуэцIхэм укъыщоджэ ЩоджэнцIыкIу Нурий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ кIэщIым, абы и Iэдакъэщ IэкI усэхэм. КъыкIэлъыкIуэр филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ «Зи псэр нэху, зи акъылыр жан, зи гуащIэр ин» зыфIищаращ, ХьэкIуащэм теухуауэ. Абы дыщIыгъуащ Андрей илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм хужаIа псалъэ гуапэхэм щыщхэр, езы щIэныгъэлIым и IэдакъэщIэкI «Черкасскэ унэцIэм и тхыдэм и IуэхукIэ» тхыгъэ купщIафIэр. Сокъур Мусэрбий теухуари зи Iэдакъэ къыщIэкIар Хьэвжокъуэ Людмилэщ. Абы щIыгъущ Сокъурым и усэхэр.

«Прозэ» рубрикэм щIэтщ Журт Биберд и «Унагъуэ» романым и кIэухыр, Зэгъэщтокъуэ Людмилэ итхыжа «Тезыр» хъыбарыр, Даур Зое и «Жьуджалэ хэшэнщ» Iуэтэжыр.

ЦIыху куэдым зэращIэщыгъуэнум шэч хэлъкъым усакIуэ цIэрыIуэ Ацкъан Руслан и сонетхэр. «Усыгъэ» Iыхьэм къыщыхьахэр ахэращ.

НэщIэпыджэ Замирэ и публицистикэ тхыгъэщ «Адыгэ кинор утыку къохьэ» фIэщыгъэм щIэтыр, театрымрэ киномрэ я режиссёр цIэрыIуэ, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЕмкIуж Андзор теухуар. Замирэ итххэр щIагъэбыдэми ярейщ Андзор зыхэт сурэт дахэхэм.

«Культурэ» рубрикэм интервьюитI къызэщIеубыдэ - НэщIэпыджэ Замирэ уэрэджыIакIуэ Тут Заур дригъэкIуэкIа псалъэмакъымрэ Хьэвжокъуэ Людмилэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр Iэзэ Къардэн Заур зэрепсэлъылIамрэ. Дэтхэнэми щIэджыкIакIуэм фIэхьэлэмэтын, гупсысэ, Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэн куэд къызэрихигъуэтэнум шэч хэлъкъым.

АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «IуэрыIуатэ» Iыхьэр. Абы дыкъыщоджэ «Пхъурылъхур ягъэIущ, пхъурылъхур яущий», «Тхьэщэрыпхъу и къуэмрэ и пхъумрэ» хъыбар кIэщIхэм.

Журналыр зэхуещIыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.

Тренер нэхъыщхьэ КIэбышэ Заур

● Футбол

«Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и унафэщI Мэшыкъуэ Аслъэнрэ командэм и тренер нэхъыщхьэу ягъэува КIэбышэ Заурре.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ унафэщIхэмрэ я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр яухри, махуэку кIуам къызэхуэсыжащ. Абы ирихьэлIэу командэм и тренер нэхъыщхьэри ягъэуващ - ар иужь илъэсхэм гупым и тренер нэхъыжьу лэжьа КIэбышэ Заурщ.

ЗЭРЫФЩIЭЖЩИ, Урысей Федерацэм футболымкIэ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ нэгъабэ щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 3-м 0:8-уэ «Спартак-Налшыкыр» «Алания»-м Владикавказ къыщыхагъэща иужькIэ, ди командэм и тренер нэхъыщхьэу щыта Трубицин Сергей трагъэкIри, абы и къалэну щытахэр пIалъэкIэ и пщэ иралъхьащ КIэбышэ Заур.

- Тренер нэхъыщхьэм и къулыкъум дгъэувыну щIалэ зыбжанэм дахэплъащ, - къыджиIащ «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и унафэщI Мэшыкъуэ Аслъэн. - Дэтхэнэми зыхуэдгъэзащ, гупсэхуу депсэлъащ. ЗэдгъэщIащ я мурадхэр, тэмэму лэжьэн папщIэ зыхуеинухэр. А псом иужькIэ КIэбышэ Заур дыкъытеувыIащ. Ар илъэс куэдкIэ ди командэм щыджэгуащ, гупым и щIалэгъуалэр игъэсащ. Иужь илъэсхэм «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыжьу лэжьащ икIи и IэщIагъэм фIыуэ хещIыкI. Абы иджы дэIэпыкъунущ Битокъу Тимуррэ Къумыкъу Артуррэ.

«Спартак-Налшыкым» и унафэщIыщIэхэм къалэн щащIащ иджыпсту зыхэт 2019 - 2020 гъэхэм я зэхьэзэхуэр командэ нэхъыфIитхум ящыщу кърахьэлIэну. ЗэкIэ ар епщыкIуэзанэщ. Къэнэжа джэгугъуэ пщыкIутIым ди щIалэхэм хуабжьу гугъу зрагъэхьын хуейщ етхуанэ увыпIэр нэхъ мыхъуми зыIэрагъэхьэн папщIэ, иджыпсту абы очкои 8-кIэ зэрыпэжыжьэр къэплъытэмэ. АрщхьэкIэ яхузэфIэмыкIын Iуэхум хэлъкъым.

Медицинэ къэпщытэныгъэхэр зэфIагъэкIынурэ, щIышылэм и 20-м щыщIэдзауэ «Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэм зыхуэгъэсэн ди республикэм и къалащхьэм щыщIидзэнущ. Махуэм «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым, пщыхьэщхьэм «Спартак» стадионым зыщагъэсэнущ дызэрыт мазэр иухыхукIэ. Абы иужькIэ Нартсанэ (Кисловодск) щыпащэну я мурадщ, зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэри ирагъэкIуэкIыурэ.

Мэшыкъуэм къызэрыхигъэщамкIэ, «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэм ехьэлIауэ зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри щыIэкъым. ЗэкIэ зыри хэкIыжакъым икIи хагъэхьакъым. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр нэхъ щекIуэкI хабзэр мазае, гъатхэпэ мазэхэращ.

«Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэм я мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мыгувэу зыхуагъэзэну. А зэIущIэм нэхъ зыубгъуауэ щытепсэлъыхьынущ ди командэм адэкIэ и натIэ хъунум.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Таумурзаев Далхат Магомед и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Дунейм ехыжащ балъкъэр тхакIуэ, фольклорист Таумурзаев Далхат Магомед и къуэр.

Таумурзаев Далхат 1935 гъэм Балъкъэр Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Адрей бгырыс унагъуэ минипщIхэм яхэту абы и унагъуэри Азие Курытым ирагъэкIауэ щытащ икIи щIалэ цIыкIум а щIыналъэм курыт школыр къыщиухащ. Адэжь щIыналъэм 1958 гъэм къигъэзэжри, Далхат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым щIэтIысхьащ.

Таумурзаев Далхат къаруушхуэ ирихьэлIащ пасэрей лъэпкъ джэгукIэхэр джынымрэ ахэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ. «Къэрэшей-балъкъэр лъэпкъ джэгукIэхэр» тхылъым абы щызэхуихьэсыжащ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ джэгукIэу 260-м щIигъум я хабзэхэр. Апхуэдэу тхакIуэм лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я IуэрыIуатэр джыным и лъэныкъуэкIэ.

ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа а цIыху хьэлэмэтыр зыцIыхуу щытахэм, абы и лэжьыгъэхэм щыгъуазэхэм зэи ящыгъупщэнкъым.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союз

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Прогаммэхэр къэзыт Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **Битиров Эдуард Борис и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Битиров Борис Кучпий и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

«Дея» сату-нэгузегъэужьыпIэ центрым, «Денеб» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ **Шыбзыхъуэ Мухьэмэд Билал и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэмрэ яхуогузавэ.

Мы махуэхэм

ЩIышылэм и 18,
щэбэт

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я командованэ нэхъыщхьэм и махуэщ**
♦**Тунисым щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр**
♦**1535 гъэм** Лимэ къалэм (иджыпсту Перу къэралым и щыхьэрщ) и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦**1765 гъэм** Урысей пащтыхьым унафэ къыдигъэкIауэ щытащ пщыхэм емыдаIуэ пщылIхэр Сыбырым ягъэкIуэну хуит ищIу.
♦**1825 гъэм** Москва Театр Иныр къыщызэIуахащ.
♦**1925 гъэм** «Новый мир» журналым и япэ номерыр къыдэкIащ.
♦**1926 гъэм** СССР-м и кинотеатрхэм япэу щагъэлъэгъуащ «Броненосец «Потёмкин» фильмыр.
♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Ленинград къалэр фашист къэухъуреихьыныгъэм кърагъэкIащ.
♦**1960 гъэм** Ил-18 кхъухьлъатэм къемытIысэхыу япэ дыдэу зэпичащ Москва - Каир гъуэгуанэр.
♦**1963 гъэм** СССР-м и Телевиденэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщащ сабийхэм папщIэ нэтынхэр зыгъэхьэзырыну редакцэр.
♦**1964 гъэм** США-м и дохутырхэм Конгрессым къалэн щащIащ тутын уефэным зэраныгъэшхуэ зэрыпылъыр ар къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм пачкэ псоми тратхэну хуагъэувыну.
♦**2018 гъэм** «Ленинград къапхъэным къызэрикIар» панорамэр къызэIуахащ.
♦Адыгэ усакIуэ **ПащIэ Бэчмырзэ** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.
♦Инджылыз тхакIуэ, къэрал куэдым цIэрыIуэ щыхъуа «Винни-Пух» таурыхъыр зи къалэмыпэм къыщIэкIа **Милн Алан** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.
♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Бабочкин Борис** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и баскетбол командэм и тренеру щыта, СССР-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ **Гомельский Александр** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу. Абы и унафэм щIэту къэралым и командэ къыхэхам ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьауэ щытащ - Олимп Джэгухэм щытекIуат (1988 гъэм), дунейм тIэунейрэ, Европэм блэнейрэ я чемпион хъуат.
♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, кинодраматург **Жылэтеж Сэлэдин** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Абхъазым, КъШР-м я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Акъ Мухьэрбэч** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, кинорежиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Невзоров Борис** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, «УФ-м цIыхубэр егъэджэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакIуэ **Умэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦УэрэджыIакIуэ, композитор, актрисэ, УФ-мрэ Куржымрэ я цIыхубэ артисткэ **Гвердцители Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.
♦Украинэм щыщ биатлонисткэхэу, Олимп Джэгухэм я чемпионкэхэу **Семиренкэхэ Валентинэрэ Витэрэ** я ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 19,
тхьэмахуэ

♦**Уэсым и дунейпсо махуэщ**. Къэрал куэдым ар щагъэлъапIэ ЩIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэ фIэщыгъэр иIэу.
♦**Диным и дунейпсо махуэщ**
♦**Беларусь Республикэм щагъэлъапIэ КъегъэлакIуэм и махуэр**
♦**1728 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къищтащ Петербург икIыу Москва хэщIапIэ ищIыну икIи и блыгущIэтхэри щIыгъуу абы Iэпхъуащ.
♦**1847 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СултIан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щIыгъуу» тхыгъэр.
♦**1942 гъэм** Дзэ Плъыжьым хуит къищIыжащ Можайск, Верея къалэхэр.
♦**1943 гъэм** Ульяновскэ областыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Тильзит, Млава, Лодзь, Краков, Кошице къалэхэр хуит къащIыжащ.
♦**1955 гъэм** США-м и президент Эйзенхауэр Дуайт дунейм щыяпэу телевиденэмкIэ пресс-конференц иригъэкIуэкIащ.
♦**1965 гъэм** Май посёлкэр къалэ ящIащ.
♦**1966 гъэм** Ганди Индирэ Индием и премьер-министр къулыкъум теуващ.
♦**1991 гъэм** УФ-м Атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1992 гъэм** Осетие Ипщэм референдум щекIуэкIащ, Куржым къыхэкIын-къыхэмыкIыным теухуа Iуэхум унафэ тращIыхьу. Республикэм щыпсэухэм я процент 99-м Iэ яIэтащ Куржым къыгуэкIауэ Урысейм къыхыхьэным и телъхьэу.
♦**1996 гъэм** СНГ-м хыхьэ къэралхэм я Iэтащхьэхэм я Советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ а зэгухьэныгъэм хэтхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ я Министрхэм я Совет.
♦Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ, усакIуэ, критик **По Эдгар** къызэралъхурэ илъэс 211-рэ ирокъу.
♦Урыс сурэтыщI Iэзэ **Серов Валентин** къызэралъхурэ илъэси 155-рэ ирокъу.
♦Совет усакIуэ цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Исаковский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.
♦Абхъаз совет тхакIуэ, драматург, Абхъаз АССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лакербай Михаил** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
♦Перум щыщ дипломат цIэрыIуэ, ООН-м и Секретарь Нэхъыщхьэу 1982 - 1991 гъэхэм лэжьа **Перес де Куэльяр** и ныбжьыр илъэси 100 ирокъу.
♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэу щыта **Жылау Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Урысей кинорежиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Абдрашитов Вадим** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакIуэ, КIэрашэ Тембот и щIыхькIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.
♦Урысей гимнасткэ, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хоркинэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 4 - 3 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 20,
блыщхьэ

♦**Къырым Республикэм и махуэщ**. 1991 гъэм а щIыналъэм референдум щекIуэкIащ Къырымым и автономиер зэфIэгъэувэжыным теухуауэ. Абы къырикIуам ипкъ иткIэ, Украинэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мазаем и 12-м «Къырым Автоном Совет Социалист Республикэр къызэгъэпэщыжыным и IуэхукIэ» унафэр къищтауэ щытащ.
♦Азербайджаным ягу къыщагъэкIыж 1990 гъэм республикэм къыщыхъуа зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм хэкIуэдахэр. Политикэ оппозицэм и Iуэху еплъыкIэр хуамыдэу Баку советыдзэхэр дашащ икIи Iэщэ къагъэсэбэпащ. Абы щыгъуэ цIыхуи 170-рэ хэкIуэдащ, цIыху 400-м щIигъу уIэгъэ хъуауэ щытащ.
♦**1588 гъэм** Урыс пащтыхь Фёдор Иван и къуэм Кремлым щригъэблэгъат Черкасскэхэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ (зэкъуэш бынхэт).
♦**1831 гъэм** Бельгиер зэи зы къэралми и Iуэху хэмыIэбэным теухуа унафэ къащтащ.
♦**1921 гъэм** Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.
♦**1921 гъэм** Дагъыстэн автоном республикэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1925 гъэм** СССР-мрэ Япониемрэ дипломат зэхущытыкIэ яку дэлъыным теухуа унафэм Пекин Iэ щыщIадзащ.
♦**1944 гъэм** Великий Новгород къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ. Ар бийм иIыгъащ махуэ 883-кIэ.
♦**1958 гъэм** автомобилым иIыгъ хуабжьагъыр къэзыгъэлъагъуэ япэ радархэр Лондон щагъэувауэ щытащ.
♦Италием щыщ кинорежиссёр, США-м я «Оскар» саугъэтыр тхуэнейрэ зыхуагъэфэща **Феллини Федерикэ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.
♦Ветеранхэм я республикэ Советым щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщI, УФ-м и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий СулътIан** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **НапщIэкъуий Заур** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Совет, урысей политик, Тэтэрстаным и япэ президенту щыта **Шаймиев Минтимер** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, режиссёр, фильм куэдым я сценарийхэр зытха, УФ-м и цIыхубэ артист **Хотиненкэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Аллегровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Роберт** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Дуней псом самбо бэнэкIэмкIэ тIэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

Чэрэчэ

Тхыдэ роман. Ещанэ Iыхьэ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№2-5-хэм итщ.).

- Атисэ, Атисэ! - и гур къызэрыгъуэтыжауэ, къопсалъэ Удынэ. - МафIэ едз хьэуазэм. Мо кхъухьыр къешэлIэн хуейщ.

Хъыджэбзми зреч, плъыр чэщанэм телъ хьэуазэ шыхьам мафIэ щIедзэри, Iугъуэ фIыцIэшхуэр пихурэ, умылъагъункIэ Iэмал имыIэу, мафIэшхуэр къызэщIолындэ.

ПсэзэпылъхьэпIэ ихуа хытетхэми абы гу лъатауэ къыщIэкIынщ, кхъухьым зыкъре-IуэнтIэкIри, гъуэгугъэлъагъуэу къахуэбла мафIэмкIэ хуэм дыдэу къагъазэ.

Алыдж кхъухь фIыцIэшхуэр псыхъуэм къыщыдыхьам, абы къыпежьа зауэлIхэмрэ нэрыбгейхэмрэ ягъэщIагъуэ пэтми яхуэухыртэкъым къарихьэлIа хытетхэм я тхьэмыщкIагъэр. Куэд щIауэ ерыскъы щыкъуей я джий емыхауэ, псы къабзэ щхьэкIэ ныкъуэлIэ хъуауэ, хыпсым еIубарэ узым къызэфIигъэщэхауэ, гупым я лъэр къыщIэувэжыртэкъым. УапкърыупщIыхьми, езы дыдэхэм къыбжаIэфыну къыщIэкIынтэкъым сыт щIауэ хым тетми. ГурыIуэгъуэр зыщ - кхъухьым исхэр алыджщ, я шыфэлIыфэкIи зауэлIщ.

- Минрэ тхьэмыщкIагъэ къалъысами, мыхэр бийщ, ди анэ. ГущIэгъуншэщ къысхужумыIэ, ауэ мыхэр сымаджэщ. Сыт къайузми тщIэркъым. Уз зэрыцIалэ къытхахьэмэ, дыпэлъэщынкъым. Плъыржьэрымрэ узымрэ зэридзэу гугъу едгъэхь нэхърэ... - кърагъэжьат Атисэ, кхъухьым кърахьэхахэм зэраIуплъэу.

- Ямыгъэпсалъэу зыри яукIыркъым! Бийми, мыхэр хы адрыщI къикIащ. ЗекIуэ едгъэжьахэм я хъыбар гуэр къапытхыну фэ изоплъ. Нафшэ быдапIэм, - унафэ ищIри, къалэ дыхьэпIэмкIэ, епIэщIэкIыу, иунэтIащ гуащэм.

Анэм жиIар зэрыпэжым, абы езым и щхьэр зэрыхуэмыкIуам ирибэмпIэжауэ, узыфэ гуэр къыхахьэнкIи шынэу, Атисэ япэу къыIэрыхьэ лъэрытетым кIэщIэрыIэри, тэрмэшкIэ иригъэлъэгъуащ «накIуэ» жыхуиIэу.

ХьэщIэхэр уз зэхуэмыдэхэм яубыдауэ, къару яхэмылъыжу къыщIэкIри, хэт ныбажэм, хэт плъыржьэрым ихьащ, хэти гужьеяуэ шхынымрэ псымрэ зрадзри, зэгуитхъащ. Апхуэдэу, Мэуэтейм зи псэр къэзыхьэса гупым щыщу зы закъуэщ къызэтенар. Ар, и лъэр къыщIэувэу, япэу къызэрытэджу, гуащэм и пащхьэ ирашащ.

Бостей щIыху кIыхьышхуэм гуэбэнэч фIыцIэр къытелъу, таж папцIэ лъагэр щхьэрыгъыу дэшхуей шэнт лъагэм ист Удынэ. Зи ныбжь дахэм дэщIэрэщIа бзылъхугъэ щыпкъэм екIурт и гуащэ щIыхьыр. Абы и нащхъуэхэр уэд хъуа алыдж сырыхум триубыдауэ, зэприсыкIыным хуэдэу зэпиплъыхьырт. Хэкум и хъумакIуэу къагъэна нэрыбгейхэм ящыщ зыбжани щытщ, гъэрыпIэ ихуа зауэлIым и щIыбагъ къыдэту. МыцIыхум и плъэкIэмкIэ гуащэм къыгурыIуат ар зауэлI къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. Фэмрэ лымрэ къыхуэнарэ ныбаджэмрэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ къарууншэ ящIа дамэдум и зыIыгъыкIэм хэлът гъэщIэгъуэн гуэр. Ар нэщхъейт, зэпIэзэрытт, щыпкъэт. Сыт къемыфыкIами, и закъуэ дыдэу щIыпIэ мыцIыхум къыщыхутами, шынэ жыхуаIэр имыщIэ нэхъей, и щхьэр лъагэу иIыгъщ.

- Уи цIэр къиIуэт, цIыхухъу, - къэпсэлъащ Удынэ, лIым зыхуигъазэу.

- Си цIэр Уэдэсейщ[1]. Етаджэ[2] алыдж хытIыгум срипщщ, - гугъу ехьыпэу къыдришейри, жэуап итащ лIым.

- Укъызрихьэла щIыналъэр пцIыхурэ?

- Сыщыгъуазэкъым...

- Мыр Мэуэтейрщ, нарт Хэкум и щIыналъэхэм ящыщ зыщ. Сэ мэуэтыпщу Уэрышыкъуэ Алэдамэ сриmщхьэгъусэщ. Удынэщ си цIэр. МыбыкIэ дауэ фыкъэгъуэща? - зэпIэзэрыту жеIэ гуащэм.

- Псори жысIэжынщ, гуащэ. Ауэ, япэщIыкIэ, фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт хьэщIагъэ къызэрызэфхам, ажалым сыкъызэрыIэщIэфхам папщIэ. Плъыржьэрым сыхэтыху къысщхьэщыта цIыхубз телъыджэхэм я хъыбар зэхэсха мыхъумэ, зэи срихьэлIатэкъым, - къехьэлъэкIыпэурэ зэкIэлъигъакIуэрт алыджым.

- Алыджхэм мы псыхъуэр яубыдыну мызэмытIэу къыдэбгъэрыкIуащ. Абы хыумыщIыкIIауэ щыткъым, дауи. Арами, дэ хьэщIэм пщIэ худощI. КъызжеIэт, Уэдэсей, дауэ фыкъэса мыбы? - фызыжьым къызэригъэгугъа хъыбарым хуэпIащIэрт гуащэр.

- Хьэтыпщым и дзэр зэщIикъуэри, къуэкIыпIэмкIэ иунэтIат, Ащырым езэуэну. А хъыбарыр алыджыпщхэм къызэрытIэрыхьэу, дызэкъуэувэри, Хьэтейм и къухьэпIэм дытеуащ...

- ХьэIуцыдз! ЩIыбырыуэ мыхъумэ, бийм и гупэ фиту фызэуэфыркъэ?! - къилъащ Атисэ, алыджыпщым и псалъэр къызэпиуду.

Удынэ и пхъум нэщхъкIэ щIыхуеплъэкIым, пщащэ пщтырым зиущэхужри, и Iупэр зэтрикъузащ. Ар хуит къэщIатэмэ, Уэдэсей и пIэм ириукIыхьыну хьэзырт, апхуэдизкIэ иригубжьат алыджхэм къалъыкъуэкIа икIагъэми.

- Пыщэ! - жи гуащэм.

- Хьэтейм и къухьэпIэ щIыналъэм унэсын папщIэ, хы Курыт Iуфэм тес Илэуным[3] удэкIын хуейти, абы дебгъэрыкIуащ. Зи гугъу сщIы щIыналъэр зэи зы цIыхум къыхуэмызэуауэ, къалэм узэрыдыхьэфын Iэмали щымыIэу, мывэкъалэ лъагэкIэ къещIэкIауэ апхуэдэт. Дзэр къытпежьэри, зэхэуэ гуащIэр зэхэдублащ. АрщхьэкIэ дызэрытемыгъакIуэу, быдапIэр къытхуэмыщтэурэ дыкъикIуэтыжащ, илэунхэри я быдапIэм дэтIысхьэжащ. Псыхъуэм дыдэсащ апхуэдэу, ди пщышхуэм игъэзэжын имыдэу. Уз зэрыцIалэр къыщытхыхьэм, къарукIэ дазэрыпэмылъэщынур къыдгурыIуэри, илэунхэм дебзэджэкIащ. Я лIыгъэм щхьэщэ хуэтщI хуэдэ, тыгъэ къахуэдгъанэу дежьэжаифэу, пхъэкIэ зэтIулIа шы абрагъуэр псыхъуэм къыдэднэщ, ди кхъухьхэр дгъэпщкIури, ди дзэри лъэныкъуэ едгъэзащ. Илэунхэм я гугъакъым а шым лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэ иригъэувэну... «Мы шым фIы къытхудэкIуэнукъым, мафIэ щIэдвгъадзи, дывгъэгъэс!», - жиIэурэ, пщым и къуэхэм ящыщ зыр мызэ-мытIэу лъэIуа щхьэкIэ, зыри едэIуакъым. БыдапIэм дашэу, тхьэлъэIу джэгу зращIэкIыжа «тыгъэм» зидгъэпщкIуат зауэлI гупми, жэщ зэрыхъуу, ди зыгъэпщкIупIэм дыкъикIщ, бжэхэр зэIутхщ, алыджыдзэр хуиту ныдыхьэри, жей IэфIым хилъэфа Илэуным мафIэ щIэддзэри, дгъэсащ. Япщри, пщыкъуэхэри, быдапIэм цIыхуу щызэхэзекIуэри зэтедукIащ. Псэууэ зы цIыху тIэщIэкIакъым. А псор къэхъунутэкъым, бжэхэр зэIуахрэ, хуиту дыдагъэхьатэмэ. Алыджхэм къыткъуэуватэмэ... Хьэтыпщым хуэпэжу къыщIэкIри, я щхьэр халъхьащ, - леишхуэ зэрызэрихьам зэрыхущIегъуэжар наIуэу, алыджым, зыхуэмышыIэжу, и нагъуэ хъуреитIым топым хуэдэу нэпс къыщIэжри, и хъыбарыр зэпигъэуащ.

Атисэ ерагъыу зиIыгъыу арат. Ар къытричырт зыгуэр жиIэну. И Iэхэр пIэжьажьэрт.

- АдэкIэ... - и нэщхъыр зэхэлъу хьэщIэм зыхуигъэзащ Удынэ.

- Зауэм цIыхур хьэкIэкхъуэкIэ щохъу, лей Iэджи щызэрехьэ. Сынывоплъри, зауэлI лъэпкъщ сыкъызрихьэлIар. СыкъывгурыIуэну сыщогугъ... Ауэ, си щхьэкIэ апхуэдэ гужьгъэжь къыслъыкъуэкIыну си пщIыхь къыхэхуэнтэкъым. ЗыкъыщысщIэжам, си хъуреягъыр мафIэт. ЦIыхухъуи, цIыхубзи, быдзафи, жьыкIэфIэкIи, къытпэщIэхуэр зэхэдупщIатэрт. Ар яфIэмащIэу, щIым щылъ хьэдэхэм джатэпэкIэ кIуэцIыпыджи къытхэтт... Сыт тщIэр жысIэри, си пIэм синауэ, зысхуэмыгъэхъеижу, зысплъыхьу сыщытащ тэлайкIэ. ЩIыналъэр къэтщтат, Илэуныр дыдейт, ауэ цIыхупсэ къыдэдмынэу щIызэтедукIамрэ къалэр щIэдгъэсамрэ зы мыхьэнэ гуэри хэслъагъуэртэкъым. Псори делэ дыхъуам хуэдэт. СыкъызыхэкIа лъэпкъыр сцIыхужмэ, ахэр абдеж къыщызэтемыувыIэу, къалащхьэмкIэ кIуэцIрыкIынут, хьэдэ Iуащхьэхэр къызэтранэу, къапэщIэхуэм мафIэ ирадзу. Си гум къысхуидакъым ар. СыкIуэфынутэкъым адэкIэ, си гуэныхьыр згъэбагъуэу. Апхуэдиз гъащIэрэ лъырэ си напэм телъу сыпсэуфынутэкъыми, хьэкIэкхъуэкIэ дыдэ сымыхъу щIыкIэ, Етаджэм икIа зауэлIхэр зэщIэскъуэжри, Илэуным дыкъыдэкIыжащ. Зэрыхъуари дыкъызэрыгъуэщари къызгурыIуакъым, ауэ хыр къиукъубеикIщ, дунейр къутэжым хуэдэу къызэкIуэкIри, псыщхьэм дытриущыкъуеихьащ. Си гъусахэм я хъыбар сщIэркъым, махуэ дапщэкIэ псыщхьэм дытетами жысIэфынукъым, толькъунхэм дыкъахьащ. Щыблэ и ней къытщыхуащ, къытхуэгъунукъым дэ ар зэи, сощIэ, - къиIуэта псоми ириукIытэжауэ, и щхьэр ирихьэхри, щым къэхъужащ алыджыр.

- Ифш мыр си пащхьэм! - къызэкIуэкIарэ, шэнтым и Iэдакъэр зэхигъэщэщэным хуэдэу икъузу, жиIащ гуащэм, папщэри.

НэрыбгеитIым лIыр яубыдри, мыдрейхэри абыхэм я ужьым иту, чачэу щIалъэфащ алыджыр.

- Хуит дыкъэщIи, дыгъэукI хьэщхьэвылъэр! Хуэфащэкъым абы псэуну, - Атисэ арэзытэкъым гуащэм и унафэмкIэ.

- Атисэ! Дапщэщ балигъ ущыхъунур?! Сапэ защIэкIэ Iуэху ящIэркъым, - къыщитхъри, зыхуэмышыIэжу, гуащэр и пхъум текIияц, зэанэзэпхъур къыщызэхуэнэм. - КъызгуроIуэ, щIэпхъаджэ куэд зэрихьащ... Ауэ, сыткIэ дыкъыщхьэщыкIрэ абы, дэ зыкIи къыджьэхэмыуар къетлъэфажьэрэ дукIмэ? КъищынэмыщIауэ, ар сэбэп къызэрытхуэхъужыну псори тщIэркъым.

Атиси къытехьауэ папщэрт. Абы и Iупэр икъузщ, и щхьэр иридзэкIри, щэтащ.

- Ыхькъым зыри, Атисэ! Ыхькъым! Умыщатэ!

Хъыджэбзыр, минрэ нэрыбгейми, и нэпсым къызэпижыхьауэ, и жьэпкъыр пыкIэзызыкIырт. НэрылъагъуIт абы гукъеуэшхуэ зэриIэри, жиIэн зэрикуэдри.

- Атисэ... - гуащэм абы гу щылъитэм, щабэу къэпсэлъащ. - КъызгуроIуэ, сэбэп ухъуну ухуейщ, гукъыдэжым узэрехьэ, уи лъыр пщтырщ. Ауэ...

- Ауэ, ухуеякъым уипхъу закъуэр нэрыбгей хъунуи, ар къоныкъуэкъу. Аращи, сыт жызмыIами - къуаншагъэщ! - и анэр къызэпеуд хъыджэбз гуащIэм, и нэпсыр къежэхыу.

Удынэ абы къриуIэбжьауэ IэнкунщIи, жиIэнури зэрызищIынури къыхуэмыщIэу, пщащэр зэпеплъыхь.

- КъыщебгъэжьакIэ, уи гум илъу хъуар жыIэ, си хъыджэбз. Гукъеуэ уиIэмэ, жыIэ. А уи гум илъым делъахъэ тIури, кIуапIи жапIи къыдимыту. ЗэхэдгъэгъэкI псори, и чэзу къэсауэ фэ изоплъ, - ифI зыкърешэж анэм.

- Уи гум илъым жыпIа?! Сэра иджы псори зи ягъэр? Уэ уи гум зыри илъкъэ? СыткIэ илъын?! - и щхьэ щодыхьэшхыж пщащэр, и нэпсыр ирилъэщIэкIыурэ. - А уи бгъэм мыл кIанэщ илъри, сэ си кIуэцIым щыжьэм сыт хуиIуэху!

- Зыгуэр къызэрофыкIыр, къызэроныкъуэкъур, гукъеуэ узэриIэр сощIэ. СыткIэ сынокъуэншэкIа? - зыкъиIэтри, и пхъум бгъэдэкIуэтащ Удынэ.

Пщащэм и уIэгъэм гуащэр лъапэкIэ кIуэцIыувэурэ, ириIуэнтIыхь нэхъей, Атисэ и нэIур къызэкIуэкIащ, анэм и иужьрей псалъэр щызэхихым.

- Пэжым ухуейщ, ара?! Арамэ, къэдаIуэ, гуащэ! Уэ... Уэ... - жьы къыпиубыду зэщыджэрт пхъур. - Уэ зэи гулъытэ къысхуэпщIакъым. Вакъуэ адэхэм зэбграша уи къуэхэм уи гупсысэ псори етауэ, къэрал Iуэхухэр сэ нэхърэ бгъэнэхъапэу сыкъэтэджащ. СощIэ, нэрыбгейхэм сазэрыхыхьар уи фIэфIкъым. НэхъыфIкIэ укъысщыгугъа хъунт. Ауэ, сыгупсысэщ-сыгупсысэри, езым къызэринэкIа къулыкъум сыпэрыувэмэ, гулъытэ нэхъ къысхуищIыну пIэрэ жысIэри, зеспщытати, Iуэхур нэхъри зэIысщIа мыхъумэ, зыкIи нэхъыфI укъысхуэхъуакъым! Сэ сыхуэмея уи гугъэрэ, гуапэу укъызэплъу, си щхьэфэм щабэу Iэ къыдэплъэу, щапхъэ птесхыу сыпкIэщIэсыну?! Ауэ, а псори сыту пщIыну, гуащэ?! Къапщтэмэ... УзыхэхъукIа нэрыбгейхэм гущыкI яхууиIэу, абыхэм я псэукIэр уи псэм темыхуэу укъэхъуащ уэри. Абы къыхэкIыу, хъыджэбз цIыкIу къыпщIэхъуэну ухуеяуэ къыщIэкIынкъым. Гужьгъэжь зыхуууиIэ нэрыбгей гъащIэр уигу къэзгъэкIыж хъунщ... УкъызэрыкIа лъэхъэнэ хьэлъэм срифэеплъ?! КъызгурыIуэркъым! Апхуэдэу сыгупсысэурэ, уи къуаншагъэ хэмылъу къыщIезгъэдзыну иужь ситащ зыкъомрэ. Сыт сымыщIами, зыри хъуркъым. Уи щIыб фIэкIа, уи гупэ слъагъуркъым. Къысхуэгъэгъу, ди анэ! Си къуаншагъэ хэлъкъым дунейм сыкъызэрытехьам.

Бауэ-бапщэрэ щатэу къытехьат пщащэри, губжьым зэридзэрт. Удынэ и гущхьэр уз мыцIыху гуэрым кърисыкIыу, абы имыгъэбауэу, и пхъур зэпиплъыхьырт.

- Си хъыджэбз дахэ! Атисэ... - щабэ дыдэу къыIурыщэтри, и пащхьэ къит пщащэ псыгъуэр зэщIиубыдащ гуащэм. - Апхуэдиз гукъеуэ пкIуэцIылъ си гугъакъым. Гу лъызмытэурэ, усIэщIэкIыпэрти. Пэжщ! Пэж дыдэщ, Атисэ - сэ цIыхубз ябгэхэм сахэхъукIащ. Щхьэж и Iуэху зэрихуэжу дапIати, уэри апхуэдэу ущытын хуейуэ щIэзгъэувар сщIэркъым. Анэ хуабагъэ зымылъэгъуа, ар зищIысыр зымыцIыху сэ Iэнкуну сыкъогъуэгурыкIуэ иджыри къэс. Сыт мыгъуи си анэ сэ?! ЩIалэхэр апхуэдэу псынщIэу зэрысIэщIахар нэхъыфIу къыщIэкIынщ. Илъэс тIощI дэкIыжами, анэдэлъху щытыкIэр зыхэбныну тыншкъым. Нобэр къыздэсым гъащIэщIэр си щIэщыгъуэщ. ИтIанэми... Сыт мыгъуэ мы жысIэ къомыр?! Къысхуэгъэгъу, си дахэ! Зызмыгъэгувамэ, сызэрыногуэуар зыгуэркIэ схуэгъэзэкIуэжыххэнумэ, къысхуэгъэгъу!

Удынэ гу лъимытэу къанэртэкъым и пхъумрэ езымрэ зэрызэхуэщIыIэр. Апхуэдэ щытыкIэр зэрыкъуаншагъэр ищIэжми, анэ пхъашэу къэгъуэгурыкIуа цIыхубзым напIэзыпIэм зыкъызэридзэкIыу, и пхъум Iэщабэ-Iущабэ зэрыхуэхъунур хузэхуэгъэхъуртэкъым. Зэрызэ фIэкIа зыIумыплъа и щIалэхэм щегупсыскIэ къэгумащIэми, езым хуэдэ нэрыбгейм зэреубзэнур къыгурыIуэртэкъым. Алъандэрэ Удынэ кIуэцIкIэ къэзышха, илъэс бжыгъэкIэ, зыщIэфыгъуэхьу, кърихьэкIа псалъэхэр иджы къызэрытIэпIыкIащи, пщащэр имыутIыпщыжу, и нэпс къежэххэри хуэмыгъэувыIэжу, гъуэгырт гуащэр. Абы къыщыхъурт и нэпсхэм ящIыгъуу зы хьэлъэ гуэр кIэрыхужауэ, хуиту, и бгъэм щызу къэбэуэжауэ.

- Мы ди Iуэху зэхэзэрыхьари, дызыхэпсэукI лъэхъэнэ хьэлъэри... Псори зэзгъэзахуэрт, нэхъыщхьэ дыдэм сытеплъэкъукIауэ. Сщыгъупщэжат си гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр. Сызэмыгупсысыныпхъэхэм сегупсыс зэпытурэ, псори фагъуэу, ныкъуэу, щIыIэу къысщыхъуу хъуат. Си щхьэм нэсыртэкъым хуабагъэрэ анэ лъагъуныгъэрэ хуэныкъуэ уэ уи закъуэ дыдэу утыку укъызэризнар. Къысхуэгъэгъу! - зи нэ къэплъэжа, зи гур зэIузыхыжам хуэдэу нэжэгужэ къэхъужащ Удынэ.

Зэм-зэ пщащэр иутIыпщыжу, и нэгум хуиту щиплъэм, псалъэншэуи гурыIуэгъуэт пщащэм и гукъеуэхэр нэпс защIэкIэ анэм зэрилъэсыжар.

- Си анэ! - гуфIэгъуэ нэпсхэр къыфIыщIэжырт Атиси. - Уэ нэхърэ нэхъыфIрэ нэхъ дахэрэ дунейм зы бзылъхугъэ темыту къысщыхъурт сыщыцIыкIум. Узигъуазэт, узищапхъэт. Сызыхуейри зы закъуэт - си щхьэфэм Iэ къыщIыдэплъэн гуэр злэжьыну, гу къыслъыптэну.

- Зы Iуэху щхьэпэ гуэр злэжьыххэнумэ, зыгуэрым срипэрмэну Псатхьэм сыкъигъэщIамэ - ар нэрыбгейуэ сызэрыщытар, гуащэ къалэнхэр зэресхьэкIыр аракъым. Си бынхэм - уи дэлъхуищымрэ уэрэ - анэ сыфхуэхъун папщIэт мы дунейм сыкъыщIытехьар. Фэращ си гъащIэм и купщIэр, зэи зыщумыгъэгъупщэ ар. Сызэхэпхрэ, зэи уигу иумыгъэху.

Атисэ зызэпилъэщIыхьыжщ, арэзыуэ и щхьэр ищIри, и гур псэхужауэ хэщэтыкIащ.

- Ди анэ, Уэдэсей жиIам теухуауэ... КъызэрыщIэкIымкIэ, алыджхэр къызэрехьэжьагъэххэщ. Хьэтхэр зауэм Iутмэ, дзэр зэрыщыту къуэкIыпIэмкIэ щыIэмэ, алыджхэм къэралыгъуэр ящтэнущ, зыри зэран къахуэмыхъуу. Абы и закъуэ, зы лъэныкъуэкIэ ащырыдзэр, мыдреймкIэ алыджхэм къаухъуреихьынурэ, хьэтхэри мэуэтхэри къызэтраукIэнущ. Унафэр зыIэщIэлъыр уэращ, ауэ, дыхущIегъуэжынщ, зыгуэр дымыщIэмэ, - шэнтым етIысэхыжа анэм и лъапэм зыщригъэщэтэхри, щэхуу жиIащ Атисэ.

- Пэжщ! Аращ зэрыхъунури. Жыжьэ унэмыс, мыбдеж щыта алыджыр къыщIэпхъуэжащ, и лъэпкъэгъухэм ящышынэри. Хьэщхьэрыуэ дыдэ хъуащ мыхэр, - зэригъэщIэгъуэнур къыхуэмыщIэу, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ гуащэм.

- ЛIо тщIэнур?

- ДакIэлъыкIуэнущ мэуэтхэм. Сэ мыбдеж сыщысу си лъэпкъыр къезгъэукIынукъым, - хэкъузауэ жеIэ Удынэ.

- Мэуэтыдзэр зэрыщыту дэкIащ... Хэт кIэлъыкIуэнур? - егъэщIагъуэ пщащэм.

- Мэуэтхэр къэтми, нартхэр куэд дохъу, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэщ нэжьгъуэщIыдзэ мин бжыгъэхэр. ДыкIуэнщи делъэIунщ. ИIэ, дахэ, зыгъэхьэзыр! Догувэ, - зиIэтри, гуащэм бжэмкIэ игъэзащ, Атиси абы иужь иту щIэкIыжащ.

* * *

ЩАЛЪХУА щIыпIэхэм илъэс бжыгъэкIэ зи лъапэр изымышиа бзылъхугъэм и гъусэхэр щIыгъуу Хьэрэ-Кхъуэрэ къызэрыпекIуэкIыу, гуащэр гукъэкIыжхэм зэщIащтащ. Удынэ и тхьэкIумэм итт цIыхубз ябгэхэм я зэрызехьэ макъыр, Мэшыкъуэ щызэхашэ джэгу-зэпеуэхэм хэтыну зэрехьэжьа нэрыбгейхэм я гуфIэкIэр. И нэгу къыщIохьэж гуфIэгъуэуи, нэщхъеягъуэуи, гугъуехьуи, ехъулIэныгъэуи мы щIыналъэ телъыджэм щилъэгъуар. И щIалэгъуэр, и гуащIэгъуэр, и хъыжьэгъуэр. Гуащэр мащIэу погуфIыкIри, шым йолъэдэкъауэ. БыдапIэм къыдэплъ чэщанэ хэIэтыкIахэм тет къэрэгъулхэр набдзэгубдзаплъэу къазэрыкIэлъыплъыр, я щIыбагъми тIасхъэщIэх гуп къызэрыдэтыр ящIэми, Мэуэтейм икIа бзылъхугъэхэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэу нэрыбгейхэмрэ зэрызэмызэгъыр ящIэжми, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, зэпIэзэрыту кIуэцIрокI хьэщIэхэр. БыдапIэм щекIуалIэм ирихьэлIэу, бжэшхуэхэр зэIуахри, псы Iуфэм Iус нарт лъэпкъым и лIыкIуэхэр ирагъэблагъэ.

Абыхэм къапежьауэ пщIантIэкум ит нэрыбгей гупым зы дэгъуэшхуэ къахэкIуэтри, и Iэр иIэтащ, «фыкъызэтеувыIэ» жыхуиIэу. Удынэ и гупыр, зэщIоувыIыкIри, къопсых.

- Еблагъэ, Удынэ! Апхуэдиз илъэс дэкIауэ, сытым укъытхуихьа? - погуфIыкI тхьэIухудыр.

Мэчанэ, нэрыбгейхэм я щхьэгуащэ сырыхур, Удынэ и ныбжьыну цIыхубз Iэчлъэчышхуэт. Бланэфэ Iувым къыхэщIыкIа джанэ Iэщхьэ кIыхьрэ гъуэншэдж зэврэ щыгъщ, дыгъужьыфэ бацэр и лъащхьэм ешэкIащ, абы щыщыпси и плIэм теубгъуащи, бгылъэм щызэприху жьы уаер зыхимыщIэххэу, щIымахуэ шылэр зыуи къыщымыхъуу щытщ ар, и хьэщIэхэм къахоплъэри. ЦIыхубз лъагэ нэкIуyщхьэплъым и щхьэц кIыхьыр жьапщэм зэрехьэри, тэмэму игъаплъэркъым. ПлIабгъуэм щIакIуэ хужьу тепхъа и щхьэц кIыхьыр ешыхьри, пщампIэм деупщIэ, и нэгум хуиту уригъаплъэу. Гъэмахуэ уафэ къабзэм и плъыфэу нэ къуэлэнитIыр къогуфIыкI. ЦIыхубзым Iей игу илъ хуэдэкъым, Атисэ зэрыхуигъэфэщамкIи, и анэмрэ щхьэгуащэмрэ фIыуэ зэроцIыху.

- ФIым дыхуиблагъэ, Мэчанэ! - щыпкъэу и щхьэр ещI Удынэ.

- ФынышIыхьэ. ХьэщIэ ди щIасэщ, - бгъунжу мэуври, бжэмкIэ и щхьэр ещI щхьэгуащэм.

Мэуэтейм и лIыкIуэхэр къагъэхьэщIа нэужь, кIыхьлIыхь зимыщIу, Удынэ къызыкIэлъыкIуар щхьэгуащэм хуиIуэтэну иришэжьащ. Загъэхуэбэжу жьэгум пэрыс бзылъхугъэхэр мы щIыIэ уаем къезыхужьа Iуэхугъуэр зэрыкуури зэрыхьэлъэри къыгурыIуат нэрыбгей Iущым. ИкIи, ипэжыпIэкIэ, хьэщIэр къыщыпсэлъэнур къыхуэмыгъэсу, пIэщIеижырт.

- Уэрэ сэрэ дызэтемызагъэу щытащ, Мэчанэ. ПщIэжрэ? - и щIалэгъуэ-пщтырыгъуэр игу къэкIыжри, пыгуфIыкIащ Удынэ.

- Ар гуапэу дигу къэдгъэкIыжрэ, мыпхуэдэу, дызэхуэгуфIэу, дыуэршэру жьэгум дыпэрысу зэман диувэну хэт и гугъэнт?! - и дзэ налкъут мыщIэшхуэхэр къаплъэу, зэрылъэлъу дыхьэшхащ щхьэгуащэри.

- Зэгуэр дызэрыукIыж пэтащ. Иджы еплъ.

- ДызэрылIынкIэ шынэри, Къатинэ Мэуэтейм уигъэкIуат...

- Уэр фIэкIа си щхьэ зэсхьэлIэн сымыгъуэту, лъэIуакIуэ сыкъыпхуэкIуащ, - нэщхъей къохъуж Удынэ.

- Сыт къэхъуар?

- Мэуэтыдзэр хы адрыщI зекIуэ зэрызэпрыкIам ущыгъуазэу къыщIэкIынщ.

- Зэхэтхащ...

- Хьэтыдзэмрэ мэуэтеймрэ зэуапIэм Iутыху, къэралым и адрей гъунапкъэм алыдж лъэпкъхэр къытеуащи, зрикIуэм яжьэрэ хьэдэ Iуащхьэхэмрэ къыщызэранэкIыурэ кIуэцIрокI. Мэуэтхэр зекIуэм къимыкIыжынкIэ сошынэ, Мэчанэ. Ар лъэпкъитIми кIуэдыжыгъуэ тхуэхъунущ: хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ, - жьэгу мафIэр зэрыджэгухь нащхъуэхэм гузавэр щIэзу жеIэ Удынэ.

- Уи лIым укIэлъыкIуэу, а мафIэсым псэууэ къыхэпшыну уогугъэ, ара? - къытохьэ щхьэгуащэр. - КъэралыгъуиплI зэхэлъэдэжауэ, щIым и гъунэм щызэроукI. Уэ а мафIэсым дыхэбгъэхьэу, дыбгъэкIуэдыну ара цIыхухъу щхьэкIэ? Еплъ а цIыхухъум къыпхуихьар - уи щхьэр зэкIуэкIащ.

- Япэ уилъэдауэ, мыхъумыщIэ жумыIэ, Мэчанэ! Щхьэгуащэ ухъужами, узэрыпщтыру укъэнащ, - зыхуэшыIакъым гуащэми.

- ЛъэIуакIуэ кIуэхэр апхуэдэу псалъэркъым, Удынэ, улъэпэрэпэнщ, - пыгуфIыкIащ сырыхур.

- Псоми ящIэж алыдж лъэпкъхэр къыщыттеуам щыгъуэ, нартхэр зэрыубыду, бийр зэрыхагъэщIар. Абы Iущ дрихъуауэ щытын хуеящ, - пщащэ псыгъуэр цIыхубзитIым я зэдауэм къыщыдэуэм, пэшым щIэсу хъуар хуеплъэкIащ абы.

- Мыпхуэдэу Мэуэтейм нэрыбгейхэр зэрыщагъасэр, гуащэхэм я псалъэмакъым хэпхъуэу?! - щхьэгуащэм и набдзагъуэ псыгъуэхэр лъагэу иIэтри, Удынэ зыхуигъэзащ.

- Мыр Атисэщ, мэуэтыпщым ипхъу закъуэрщ, - щыпкъэу жэуап итащ Удынэ.

- КъызэрыщIэкIымкIэ! - егъэщIагъуэ Мэчанэ. - Уэщхь хъужащ уи пхъур, Удынэ: мафIэщ.

- КъыткIэщIикъузауэ, Iуэхушхуэм дыкърихужьащ, гуащэ. Си адэм и закъуэкъым а зауэм Iутыр. Мэуэтыдзэр зэрыщыту кIуащ Хьэтейм. Абыхэм къамыгъэзэжрэ, псы Iуфэр нэщI хъумэ, алыджхэр аргуэру къызэрехьэжьэнущ. ИкIи, уи фIэщ щIы, лIэщIыгъуэ псокIэ къыдэзэуэн хуей хъуми, ди хэкур яIэрымыхьауэ мыувыIэну. ИгъащIэ лъандэрэ ди адэжьхэр зыпэщIэт Iуэхугъуэщ мыр. Псоми дощIэ алыджхэм псэхугъуэ зэи къызэрыдамытынур. Арами, я зи чэзу теуэгъуэ къэс мыпхуэдэ псалъэмакъ едмыхьэжьэми, зыми къыгурымыIуэу ара, дызэкъуэхумэ - ар ди кIуэдыжыгъуэ зэрыхъунур. Хы адрыщI къыщекIуэкI гузэвгъуэм хуэдэ зэи зы цIыхум имылъэгъуами ярейуэ, шынагъуэщ. Къэралыгъуэ псо щощэщэж абы! Зи Iыхьэ хэзылъэфыну хуейуэ абы къепщIамрэ лъыуэ щагъэжэнумрэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэрэ?! Зым и щхьэр игъэщхъыу, лъаIуэу, адрейм зигъэпагэрэ и мыхьэнэр дрихуейуэ фызэхэмысмэ, сыт хъунт! ЩIалэгъуэм къыщежьа фи зэныкъуэкъур зыми щыщкъым иджыпсту. Уэ, гуащэ, къыппытхыну дызыхуейр зы закъуэщ: е «хьэуэ», е «нтIэ», - къызэрыкIат пщым и пхъур.

- Си Iуэху зыхэмылъ зауэм си щхьэр щхьэ хэслъхьэн хуей, жыпIэ хъунщ, Мэчанэ, - и пхъум и псалъэм къыпещэ Удынэ.

- ИкIи пэжщ, жысIэми, - арэзы тохъуэ щхьэгуащэр. - Зыгуэрхэм я зэныкъуэкъум мэуэтхэр хэпщIамэ, ар дэра зи щхьэузыр?

- А упщIэм и жэуапу мыр къозэгъыну? - жеIэри, Мэуэтейм къикIа нэрыбгейхэм бжэ къуагъым къуагъэува чеищым я зым Атисэ йолъэпауэри, егъэукIурий, «жьгъыжьгъ» макъым пэшыр къигъэзэуэ дыщэр къищэщу.

- Дыщэ IэбжьыбкIэ ящэхухэм я фэ къызуплъауэ ара? - и пащхьэ къищэща мысыр дыщэр къыфIэмыIуэхуу, щхьэгуащэм и нэщхъыр зэхэлъу Удынэ хуеплъэкIащ.

- НэжьгъущIыдзэр къызэптрэ си лъэпкъыр къесшэлIэжмэ, кхъухь из дыщэ къыпхуздезгъэшэжынщ нэрыбгейхэм, - зэпIэзэрыту жеIэ Удынэ.

Бжэм Iут нэрыбгейхэм я нэр мафIэм пэлыд дыщэм хуэдэу, къицIуукIащ ар щызэхахым. Атисэ къыгурыIуакIэт, гуащэм зрилъэфыхьми, зихъунщIэми, нэжьгъущIыдзэр абы емыдэIуэхххэу, зекIуэ ежьэну зэрыхьэзырыр.

- Нэхъ псынщIэIуэу гупсысэ, гуащэ. Зэман диIэкъым, - ерыщт Атисэ.

- Уи дыщэм дыкъыхуэнакъым, гуащэ! - икIагъэ гуэр ирапэсу, ар и гум щIыхьа хуэдэ, и щхьэр лъагэу иIэтри, щэхуу жиIащ щхьэгуащэм. - ФIыкIэ ушхыж уи мылъкур. ГъущI кIапэкIэ сыкъыумыгъэделэми, сыббгъурыту сынэкIуэнут. Нобэ хуэдэ махуэщ нэжьгъущIыдзэр тхьэхэм къыщIагъэщIар. Мы Iуэхум кърикIуэнкIэ хъуну псор къызгурымыIуэмэ, си гуащэ щIыхьыр схуэфащэ?! Хым узэрызэпрыкIын кхъухь уиIэмэ, нэрыбгей мин тIощI узот.

Удынэ и гур къызэрыгъуэтыжарэ и нэгур къигуфIыкIыу Мэчанэ щхьэщэ хуищIри, и пхъум хуеплъэкIащ. Зэанэзэпхъур зэщыгуфIыкIырт псэхужауэ.

- Уи пхъур хъыджэбз гуащIэщ, Удынэ! Хахуэщ. Дэгъуэу бгъэсащ. Абы и хъыбарыфI щызэхэтхыжын махуэри къэсынщ, къаплъи къэдаIуэ! - хьэщIэхэр игъэгушхуащ щхьэгуащэм. - ИкIэщIыпIэкIэ дежьэнщ, умыгузавэ. Алэдамэ и IуэхуфIхэмрэ и лIыгъэмрэ я хъыбар къэIужауэ, пщIэ зыхуэтщI пщыщ. Утыку кърanэм хуэдэкъым ар!

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

ПСАЛЪЭГЪЭНАХУЭ

[1]**Уэдэсей** - Одиссей.
[2]**Етаджэ** - Итака (алыджыбзэкIэ).
[3]**Илэун** - Илион, Троя.

Илэун зауэр.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Псалъэжьхэр

ЩІыщІэ мэш бэвщ

♦**ПсэукІэмышІэ узэкъулэ щІрейщ.**
♦**Уэсэпс хуабэ мэшгъэкІщ.**
♦**Псэуным лъакъуибгъу щІэтщ.**
♦**Щ1ыр кІийуэрэ къокІуэ, гъэр гъыуэрэ мэкІуэж.**
♦**УэфІрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.**
♦**Пхъэ1эщэ вийм зэдащтэжм, щІыгулъ къагъазэ.**
♦**Іэщ1агъэ зиІэ Іэужь иІэщ.**
♦**Уэлбанэ махуэр щІэпытхъщ, фызым я тхъэгъуэр къэбгъавэщ.**
♦**Удэмэ - Іуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.**
♦**ЩІыщІэ мэш бэвщ.**
♦**Іуэху зи Іуэху Іуэщ1эри, шхын зи Іуэху шхын Іуэщ1э.**
♦**Зэрабзыр иІэ щхьэкІэ кърабзэ иІэкъым.**
♦**Нэгъуеипщ нэхьей, и закъуэ мэшхэж.**
♦**Ныбэщ1эубзэ Іуэхутхьэбзащ1эщ.**
♦**Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыІэкъым.**
♦**Гугъуехь зымылъэгъуам тыншыгъуэр ищІэркъым.**
♦**Выри лъэщ дыдэщ - къаубыдри щІащІэ.**
♦**Губгъуэ пщІащэрэ унэ пщІащэрэ зэтохуэ.**

● ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием хэтхэр

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, академик Щэуджэн Іэсхьэд *(Адыгейск къ.)*

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІУА-м и член-корреспондент Тембот ФатІимэ *(Налшык къ.)*

● Тхылъыщ1э

ДэІэпыкъуэгъу щхьэпэ

Щ1ы1эу къыщІэкІынкъым лъэпкъ, къыщІэхъуэ щІэблэр гъэса хъуным емылІалІэу, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, аращ цІыхубэм и псэукІэри и къэкІуэнри зи І1ымыщІэ ихуэнур, гъащІэр япэкІэ зыгъэкІуэтэнур, дахэ, тынш зыщІынур, нэхъыжьхэр жьыщхьэ махуэ хъунуми мыхъунуми зэлъытар. Лъэпкъ цІыху бгъэсэн нэхъ гугъу щымыІэу жыпІэмэ, пцІыкъым. Быныр зыхуэбгъаэсэ, зыхуеБгъаджэм куэд иІыгъщ, аращ апхуэдиз пщІэрэ мыхьэнэрэ адыгэм гъэсэныгъэм щІритыр.

Игъащ1э льандэрэ ди лъэпкъым къыщІэхъуэр гъэса хъун папщІэ кьеГъэсэбгъэ Іэмал куэд: лэжьыгъэм пасэу хешэ, гъащІэм и теплъэхэм щыгъуазэ ещІ, къэзылъхуа лъэпкъым и блэкІар ирегъэдж, хабзэ, нэмыс, укІытэ, шынэ, гущІэгъу, фІэлІыкІ, лІыгъэ, пэжныгъэ, лъагъуныгъэ, тегушхуэныгъэ, гугъуехь, тыншыгъуэ - куэдым, куэд дыдэм къарыкІ мыхьэнэмрэ щхьэпагъэмрэ кьыгурегъаІуэ.

А псоми уиуеЗыгъэрыгъэращ, псори щы-зэхуэхьэсари аращ. Аращ адыгэм быныр гъащІэм гуэт къудей мыхъуу икурыкупсэм, архъуанэм щІыхишэр. Ар лэжьыгъэ гугъущ икІи пщІэшхуэ зиІэщ. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъу хъу Іэмалхэм я нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ ди нобэм къэсыхукІэ нэхъри зызыужь, ефІакІуэ ди лъэпкъ Іуэрыіуатэр. Абы къаруушхуэ иІэщ адыгэ щІалэхэр, хъыджэбзхэр гъэса хъунымкІэ, нобэрей гъащІэ гугъум хэмыІэзрыхьу хэпсэукІыфныымкІэ.. Дунейм къыдекІуэкІ плъыфэ куэдым я щІэр зыхъумэщ адыгэ Іуэрыіуатэр.

Екіу-емыкІур, Іущыгъэр, шыІэныгъэр, захуагъэр, пэжым и телъхьэныр - куэдым ухуегъаса икІи ууеущий Іуэрыіуатэм. Сыт атІэ апхуэдэ Іэмал щхьэпэр Іэщ1ыб щІэхъун хуейр? Ар текІуэн хуейщ нобэрей ди сабийхэр тезыгъэхьэулеикІ, щхьэхынэ, зэхэщІыкІ чэнж зыщІ Іэмалхэм: телевизорым, телефоным эт джэгуІкІэ мыфэмыцхэм, нэгъуэщІ куэдхэми.

Налшык къаІэ дэт «Принт-Центр» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыщдэкІащ Багъ Марьям и Іэдакъэ къыщІэкІа «Адыгэ Іуэрыіуатэ» тхылъ хьэлэмэтыр. Абы щыІэзэхуэхэсащ адыгэ щІэныгъэпІ, тхакІуэ пажэ Нало Ахьмэдхьан КъБКъУ-м щІригъэджэнуэ щытахэм зэхуахьэсыжа хъыбархэр, таурыхъэр, уэрэдэр, гъыбзэхэр, зэхэщІыкІым хэзыГъахъуэ псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, бзэм зезыГъэужь псынщІэрыпсалъэхэр, хъуэхъуэхэр, жьІэгъуэхэр, нэщэнэхэр, нэгъуэщІ куэдхэри. Дэтхэнэми хэлъ гъэсэныгъэ мыхьэнэр лъытэгъуейщ икІи иныщщ.

Нэхъыжь ныбжьхэм итхэми, нэхъыщІэхэми кьахуэсэбэпын, яфІэгъэщІэгъуэн хъун, зыуущиин куэд щыбгъуэтынуц а тхылъыщІэм.Ар ззэзыГъэзэхуа, зыгъэхьэзыра Багъ Марьям икъукІэ къаруушхуэрэ зэфІэкІрэ ирихьэлІащ тхылъыр къыдгъэкІыным. Псалъэ къудей-кІэ мыхъуу, гъэсэныгъэр зэрыгугъуэм, щІэблэм щІэныгъэ етыныр зэрыІуэхушхуэм щыгъуазэ дещІ Багъым икІи Нало Ахьмэдхьан мыпсэужми, абы къригъэзэ къалэн игъэзэщІэн лъэкІащ. Адыгэ Іуэрыіуатэм иджыри къэс хэмыхуауэ щыта куэд зэхуэзыхьэсыжаэми фІыщІэ яхуэфащ1щ. Иджы цІыхухэм дащыгугъынщ апхуэдэ тхылъыфІыр адыгэ унагъуэхэм нэсу къыщІагъэсэбэпыну.

ШЭШЭН Риммэ.
Ислъэмей къуажэ

● Фэ фщІэрэ?

Адыгэ уафэ

ЦІыхур къызэригъэщІрэ уафэм дэпльейуэ къокІуэкІ. Ар дзэныхьэхыр абы и дахагъэм и закъуэкъым, атІэ уэгум иТ дыгъэм, маззэм, вагъуэхэм я щытыпІэр, щытыкІэр езым и гъащІэм куэду къыщІегъэсэбэп. Ди лъэпкъым и блэкІар тхыдэр зыджэкъм нэхъыбэу къыщалъыхъуэ Іуэрыіуатэм, археологием, пасэрей дэфтэрхэм. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, лъэпкъым и къекІуэкІыкІар тэмэму бубзыхун щхьэкІэ, зи гугъу тщІахэм нэмыщІкІи, уэгум екъэлІауэ абы иІа щІэныгъэр къэхутэжауэ, ари къегъэсэбэныпхъэщ. ГъэщІэгъуэн дыдэраци, адыгэцІэ зиІэ вагъуэ гутхэм (созвездиехэм) я нэхъыбапІэр Экваторым и щыгум итщ: Вагъуэдамэжъуэгурыгъ, Вагъуэур, Вагъуэшабзэ, Вагъуэбзаш, Вагъуэдамэжъуэ, Вагъуэхьэлыіэ, Вагъуэщыгъэ, Вагъуэбэ, Вагъуэсокурэ, Вагъуэжі1апсэ, Вагъуэхъан, Дэжьыгвагъуэ, Вагъуэгублащхьэдэсэ, Вагъуэпхъэщку, Вагъуэщэлъахъэ; Журтыр хьэм езыгъэшха вагъуэ, Зи анэр дыщэ джэдыгукІэ зыхъуэжа вагъуэ, нэгъуэщІхэри.

Дыгъэмрэ Мазэмрэ къищынэмыщІауэ, уэгум ит псоми адыгэр вагъуэщ зэреджэр, ауэ зищІысыр зэхегъэкІ: планетэр - вагъуэкъанщ, кометэр - вагъуэкІэхущ, метеорхэр - вагъуэижщ.

Псалъэм щхьэкІэ, нэхъыбэрэ ильагъу, къигъэсэбэп Венерэ планетэм Нэхущвагъуэ фІищащ, Меркурийм папщІэ Дэжей-гъалІэ вагъуэ жеІэ. Сэ къысщІохъу хьэрыпхэмрэ алыджэкэмрэ уэгум ит пкъыгъуэхэр зэхагъэкІын итэжкІэ адыгэхэм абыхэм цІэ фІащ1ауэ. Адыгэхэм дыгъэмрэ мазэмрэ нэхъ пщІэ зыхуащІ уэгум иткъым.

Дыгъэр астрономхэм ику ит вагъуэу къалъытэ. Ар щІым нэхърэ хуэдэ мин 333-кІэ нэхъ хьэлъэщ. Абы и щІыІум градус 6000 и пщтыратущ, и кІуэщІым и температурэр градус мелуан 13 мэхъу. Дыгъэм зэрегъакІуэ дызытес щІыри, вагъуэхьанхэри, вагъуэкІэхуэхэри. А псоми я гъуэгур аращ зыубгъэкІуэ. Ди дунейм и къэхъуьащІэхэм я нэхъыбэри аращ, зи Іуэжьыр. Дыгъэм илъэс меларди 4,7-5-рэ и ныбжьыу хуагъэфащэ. Абы и кІуэщІым щекІуэкІ термоядернэ реакцэр зэгуэр иухынущ, и кІарур кІуэщІынрэ дэпым хуэдэу плъыжьышхуэ хъунущ, нэхуи хуаби имыІэж хъуа нэужь, къуэнурэ дунейр къутэжынущ. Ар къыщІыхъуну еджагъэшхуэхэм щыхуагъэфащэр илъэс меларди 5 хуэдиз дэкІа хунэужьщ.

Иджыри зы бжьигъэ. Дыгъэмрэ щІымрэ километр мелуани 149,5-рэ я зэпэжьжьагъащ, абы и нурыр ди деж дакъикъ 8-кІэ къос. Мазэр нэхъ тпэгъунэгъу дыдэ пкъыгъуэщ. Ар ЩІым нэхърэ нэхъ цІыкІущ хуэдэ 44-кІэ, и хьэлъагъри хуэдэ 81-кІэ нэхъ мащІэщ. Абырэ ЩІымрэ я зэпэжьжьагъащ километр мин 384400-рэ. Мазэм хьэуа, псы щІыпкъым, ари и пІэ иткъым.

МусПыымэн махуэбжьр мазэм тещІыхьащ. Тенджызым зэрызиІэтри (прилив) зэрегІысэхьжри (отлив) абы епхащ. Ауэ ар езыр зезыгъакІуэр, зэрыкІуэну Гъэгугър зыубзыкур щІыращ. Ипщэ (юг) лъэныкъуэмкІэ щыпсэу адрей лъэпкъэмэ хуэдэу, адыгэ лъэпкъми мазэм щІыхьышхуэ хуещІ. МазэщІэ къэунэхуамэ, тхьэ йолъэІуэхэр уГуурлы яхуэхъуну, абы узынщагъэ, гуфІэгъуэ, насыпІ, нэмыс къахудэкІуэну. Къыщыхъу щыІэт, мазэщІэ къэунэхуамэ, зыщІэхъуэпсе хьэпшыпым, Іэщым хуэдэ къаритыну абы елъэІуу.

«Тхъэуэ мор зи мазэ, жьсІар пэжкІэ» жиІэу адыгэм тхьэрыІуэ диІащ. ЦІыхубзым и дахагъэр къагъэлъэгъуэнумэ, «маззм и нурыр къыщхьэщех» жаІэрт. Хъыджэбзым щхьэгъуэсэ хуэхъунур къыщІэн мурад иІэу джэш идзынумэ е гъуджэплъэ ищынумэ, ар маззм и изыгъуэ жэщ маззгъуэм хуигъаззэрти, маззм елпъурэ, абы елъэІурт джэш идзым и щхьэгъуэсэ хъунур кьригъэкІыну, щхьэгъуэсэ хуэхъунур кьригъэхьэу гъуджэм кьригъащІыну.

Фіыуэ зэрыльагъуитІыр зэман гуэркІэ зэпэІэщІэ хъумэ, зэжраІэу щытащ: «Уигу сыкъэкІмэ, си фэ иуплъу маззм еплъ». Дунейм щІэІну къэхъукъащІэхэр, зэхъэжкІыныгъэхэр маззщІэ къэунэхуам и теплъэмкІэ къащІэрт. Абы и къуапитІыр дэгъэзеяуэ, пэгун фІэбдзэрэ къыфІэмыхуну щытмэ, уэгъу маззщ, маззщІэ къэунэхуам и къуапитІыр егъэзыхауэ, пэгун фІэбдзар къыфІэхужьыну щытмэ, уэлбанэ маззщ жаІэрт. Маззр къыщыунэхуа махуэхэм къэкІыгъэм щІым къыхиш шхыныгъуэр абы и лъабжьэм нэхъ къэнэжу, ар из щІэхъуам къэкІыгъэм и Іэпкъльэпкъым нэхъ кІуэгъэ къэлъытэрт. А псор цІыхухэм я Іэжьыгъэм къыщагъэсэбэпырт.

Куэдрэ кьохъу дыгъэр, маззр иубыду (затмение). Апхуэдэхэм дежь цІыхухэр гужьеяуэ, зэрыгъэкІийуэ уэрамым къыдыхьэрт. Я гугъэт дыгъэр, маззр благъуэм иубыду, ахэр кьрагъэутІыпщыжьын щхьэкІэ Алыхьым елъэІухэрт, благъуэр ягъэшынэн хьисэпкІэ уафэм фочкІэ дуэйрт, макъ ин ирагъэщІу Іэуэльаэшхуэ кьалэтырт.

Сыт хуэдэ зэманми, маззм дыщелплькІэ, дэ тпъагурэ абы и зы джабэ пльэныкъэрщ. Маззэ из хъуам и теплъэм зэи зимыхьуэжу щІэтлъагъури аращ. Адыгэхэр къоГуэгурыкІуэ а дэ тлъагъу маззэ джабэм мэл, мэлыхьуэ, мэлыхьуэ баш тету жаІэу. Ауэ фІэщщІыгъуейщ ди деж маззм сурэту мэли, мэлыхьуи, мэлыхьуэ баши «щрагъуэвауэ», сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ди щІыпІэм мэлри, мэлыхьэри, мэлыхьуэ башри маззм зыкІи щепхакъым. НтІэ, дэнэу пІэрэ адыгэхэм а сурэтхэр кьыщІагупсысар? Ипщэ (юг) лъэныкъуэмкІэ щыпсэу Іэщ1ыхьуэхэм махуэм нэхърэ жэщым пщІэ нэхъ хуащІ. Абыхэм зэманыр зэрабжьи жэщ бжьигъэкІэщ. ЩІыпІитІым я зэпэжьжьагъэр кьызэралъытэри а тІум яку дэлъыр пкІун щхьэкІэ гъуэгу уэзрытетын хуей жэщ бжьигъэрщ.

Абыхэм махуэм и хуабэгъуэм Іэщ1ыр жьауэпІэм щІалъгъщ, дунейм и щІы1этыІэгъуэ пщІэдджьжьыщрэ пщ1ыхьэщхьэмрэ ягъэхъуакІуэ. Зы щІы1пІэм къраГъэІэпхъукІыу нэгъуэщІ щІы1пІэ мэлхэр щахур жэщ мазэ нэху дахэрщ. Гу ІыытапхъэщІ ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыпсэу лъэпкъэм мазэри мэлри нэхъ хэІэтыкІауэ яГъэльапІэхэм зэрращыщыр. ИкІи хуэбгъэфащэ хъунущ мазэм мэл, мэлыхьуэ, мэлыхьуэ баш «щытрагъэувар» ипщэ лъэныкъуэрауэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мэлым теухуауэ а лъэныкъуэм щрагъэжІуэкІ лэжьыгъэм и нэхъыбапІэр абы епхащ.

Адыгэхэм маззм псэущхьэ гуэр ирагъэувэн хуей хуэтхэмэ, ирагъэувэнур, шэч хэмылъу, шыт. Адыгэ хъыбархэм, адыгэ таурыхъэм ауэ сытми кьыхэхуэркъым шыр цІыхум кьепсалъэу, чэнджэщагъу кьыхуэхъуу, гуэзвэгъуэ ихуам ищІэн хуейр кьыжриІэу. Ар адыгэхэм я деж шым пщІэуэ щІи1эм и зы лъэныкъуэ закъэщ.

КЪАШЫРГЪЭ Назир.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф цІывынэкІэ щІа хьэнтхъуэпс

Шыуаным псы щІы1э ирагъэжьихь, шэ щІэмыху иракІэ, шыгъу хадзэри, зэІащІэурэ зэ кьытрагъэкъуалъэ. БэлагъкІэ зэІащІэурэ абы кІэртІоф щІывынэр хакІутэ. МафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху яГьавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьыстрахаужри бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуанышцхьэр трапІэри, дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм фальэкІэ трагъэувэ, шатэ хэкІауэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
шэ щІэмыхуу - г 1400-рэ,
кІэртІоф укъэбзауэ - г 300,
гуэдз хьэжьыгъэу - г 60,
джэдыкІэу - 1,
тхъуцІынэу - г 30,
шатэу - г 50,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

бжьын гъэлыбжьам:
тхъууэ - г 30,
бжьынышцхьэ укъэбзауэ - г 40,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Былым тхьэмщІыгъу гъэбэхъа

Фіыуэ тхьэщІа тхьэмщІыгъур Іыхьэурэ яупщІатэ, гъумагъыр см 3 - 4, кІыхьагъыр см 10 хьуу, абыхэм сэкІэ гъуанэ щІыкІу хуащІ, ямыугъэныпэу. Шыгъу щахуэ. ИтІанэ а гъуанэ щІыкІуэхэм бжьыныху хьэдзэ упщІэта, шыбжий сыр упщІэта иралъхь, гуэдз хьэжьыгъэм фІыуэ хакухьри, тебэм ит тхъу къэплъам халъхь. Іыхьэхэр лъэныкъуитІымкІи тхъуэпль дахэ хъуху яГьажьэ. Шатэпс щІакІэ, тебащхьэр трапІэжри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху яГъэбэкъ. Іэнэм пщтыру, тебэм кьина шатэпсри текІауэ тепщэкІэ трагъэувэ. И щхьэм бжьын упщІэта тракІутэ. Дашх пІастэ, мыраМысэ хуабэ, чыржьын, щІакхъуэ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
тхьэмщІыгъу - г 600,
бжьынышу укъэбзауэ - г 20,
шыбжий сыр мыхьэжауэ - г 5,
тхъууэ - г 80,
бжьынышцхьэ упщІэтауэ - г 60,
шатэпсу - г 250-рэ
шыгъуу, гуэдз хьэжьыгъэу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **3**. ... тригъэІэбащ. (игъэгузэващ). **4**. Мэжджьтым хэтщ ... джаІэ. **6**. Дзэплькъуэ раиныым жиІ-быдэ къуажэ. **7**. ... гъэхъуж. **11**. ЦІыху зыпІ цІыху уасэ ... **12**. Налшык къаІэ уэрамхэм щыкуэд къуалэбзу. **15**. Шы щхьэц. **18**. Лы лей зытелъ цІыху. **19**. Къалэ лІыхъужь. **21**. Пшынауэ, уэрэдус, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэ артист. **24**. Джэдкъазым традзэ дамыгъэ. **25**. Ди къуажэхэм щыпльагъу «транспорт», бензини фэтыджэни хуэмейуэ. **27**. АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **29**. Жьэгум хэщІыхьа шыуан фІэдзанІэ. **33**. Школым щадж предмет нэхъыщхьэхэм ящыщ зы. **35**. Шыгу шэрхьэм и зы Іыхьэ. **36**. Гъатхэм пасэу, уэс телъу, пІэрэ адыгэхэм а сурэтхэр кьыщагупсысар? Ипщэ (юг) лъэныкъуэмкІэ щыпсэу Іэщ1ыхьуэхэм махуэм нэхърэ жэщым пщІэ нэхъ хуащІ. Абыхэм зэманыр зэрабжьи жэщ бжьигъэкІэщ. ЩІыпІитІым я зэпэжьжьагъэр къызэралъытэри а тІум яку дэлъыр пкІун щхьэкІэ гъуэгу уэзрытетын хуей жэщ бжьигъэрщ.

Къехьу: **1**. Іэпсльэпсым щыщщ. **2**. Абы нэ хуэщІати, «набдзэ» жиІащ. **3**. ГъэшыгъуафІэ гуэр. Е тхъэ ... **5**. Зи нэхэр зэблэпль. **8**. Ахъшалъэ. **9**. Хьэл Іэнтіа зиІэ цІыху, гущІэгъунымэ, сампІэимыхьэ. **10**. Жэщым ди уэрамым уэздыгъэхэр ... **13**. ПІальэкІэ нэгъуэщІым кьыІаха гуэр - хьэпшыпІ, Іэмэпсымэ хуэдэ. **14**. ЦІыху гъур, уэд. **16**. ... мыплъэмэ, нэр плъэркъым. **17**. Зи Іуэ ... нэхърэ зи щхьэ ... **20**. МаухуэцІэ. **21**. Гъатхэр кьыззрихьэу жыгхэм ... ираташ. **22**. Ди гъунэгъум мэл ... иІэщ. **23**. КІыщокуэ Алим и поэмэ. **26**. Пхъэлэщэм щыщ Іыхьэ, щІыр зэзыГъэдзэкІ. **28**. ... Іурыгъэльэда хуэдэ. **30**. Гъэш. **31**. Бгырыпхьщхьэ. **32**. Ахъшэ жьГьей. **30**. БадыноКъуэ и унэм кьригъэблэгъэну Сэтэней пщэрыльъ зыщищІа пщащэм нарт лІыхъужьым кьыжреІэ: «Нарт щачэгъу солъыхъуэ, ... сырилъыхъуакІуэщ, фІым сырилэщащкІуэщ». **34**. Джэдыкіэ ... **38**. Теунэ Хьэчим и къуажэ. **39**. Къуапищ зиІэ тхылъымпІэ е нэгъуэщІ зыгуэр. **41**. ... щхьэнтэ. Е дждкъазым ятет цІы щабэ. **42**. Бдзэжьей зэрещэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩІышылэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **6**. Елыркъэш. **7**. Къэлътмакъ. **9**. Умэ. **10**. Бахъуэ. **11**. Джэрш. **12**. НыбжьэгъуфІ. **14**. Залым. **16**. Къэлэр. **17**. Шынакъ. **19**. Щиху. **20**. Зей. **21**. Къуэ. **22**. Хьуп. **27**. Кьан. **28**. Джэлэфей. **29**. Тхъуэ. **34**. Щэ. **37**. КІэ. **38**. Гъэр. **40**. КІэ. **41**. Дубай. **42**. Джэлэс. **43**. Джарым. **44**. Іэгъэбэгу. **46**. Жьауэ. **48**. Псыжь. **50**. Баш. **52**. Мурадин. **53**. Хьэсэней.

Къехьу: **1**. Шыпхъу. **2**. Чэтэн. **3**. Хьэм. **4**. ХуэмыфІ. **5**. ІумпІэ. **6**. Елбэздыкъуэ. **8**. Къашыргъэпэ. **13**. Жьанэ. **15**. Махуэл. **16**. Къэлэр. **17**. Шыгъу. **18**. Кьыр. **23**. Кьаз. **24**. Кхъулэ. **25**. Афэ. **26**. Пхъужь. **30**. Пщэдджьжьым. **31**. Борис. **32**. Шэмэдж. **33**. Мэрэмэжьей. **35**. Нэд. **36**. Бей. **39**. Абгъуэ. **44**. Іэдий. **45**. Гуэбэн. **47**. Узркъ. **49**. Санэ. **51**. Альп.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (экъуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Кьумахуэ Астъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутынныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэ1 Соня,** *редактор* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэр* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4, 6-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.001 ● Заказ №35